



Vil New York

Plan Alokasyon HOME-ARP (*Revize 13/12/23*)

Kontak:

Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman
homearp@hpd.nyc.gov

Modèl Plan Alokasyon HOME-ARP

Konsèy

- Pou yon PJ kapab resevwa alokasyon HOME-ARP li a, li dwe:
 - o Ale fè yon konsiltasyon omwen avèk òganizasyon ki obligatwa yo;
 - o Prevwa patisipasyon publik la, san wete yon peryòd konsiltasyon publik ki dire 15 jou, epi yon (1) odyans publik, ominimòm: epi
 - o Devlope yon plan pou respekte egzijans ki nan Notifikasyon HOME-ARP a.
- Pou soumèt li: yon PJ dwe telechaje yon vèsyon plan an nan fòma Microsoft Word oswa PDF nan IDIS antanke atachman toupre opsyon “plan alokasyon HOME-ARP” a sou ekran AD-26 la (pou PJ plan aksyon chak ane pou Ane Fiskal 2021 an se yon plan aksyon chak ane 2-5) oswa sou ekran AD-25 lan (pou PJ plan aksyon chak ane pou Ane Fiskal 2021 an se yon plan aksyon chak ane pou Ane 1 ki fè pati plan aksyon konsolide 2021 an).
- Epitou, PJ yo dwe soumèt yon SF-424, yon SF-424B ak yon SF-424D, ansanm ak sètifikasyon ki vin apre yo, antanke yon atachman sou ekran AD-26 la oswa AD-25 lan, selon sa ki aplikab la:
 - o Ankouraje Tretman Ekitab nan Kesyon Lojman.
 - o Lwa Inifòm sou Èd pou Relokalizasyon ak Politik pou vin Gen Byen Imobilye (Uniform Relocation Assistance and Real Property Acquisition Policies Act) epi Plan kont deplasman ak Èd pou Relokalizasyon (Anti-displacement and Relocation Assistance Plan);
 - o Lit kont kesyon Enfliyanse Desizyon Publik (Lobbying);
 - o Otorite Jiridiksyon;
 - o Seksyon 3; epi,
 - o Sètifikasyon HOME-ARP byen presi.

Jiridiksyon ki ap Patisipe: Vil New York

Dat: 13 desanm 2023

Lis Sijè yo

Entwodiksyon	4
Konsiltasyon.....	4
Patisipasyon Piblik la.....	10
Evalyasyon Bezwèn ak Analiz Erè	15
QP1: Sanzabri.....	16
QP2: Nan Risk Sanzabri.....	17
QP3: Kouri oswa eseye kouri pou vyolans nan kay oswa trafik moun	18
QP4: Lòt Popilasyon	19
Chèltè dijans	29
Sèvis Sipò	29
Èd Lokatif ki Baze sou Lwaye	31
Devlopman Inite Lojman yo Lwe ki Abòdab pou Fwaye ki Sanzabri	32
Aktivite HOME-ARP.....	33
Objektif Pwodiksyon Lojman HOME-ARP	35
Preferans.....	35
Liy Direktiv sou Refinansman HOME-ARP	40

Entwodiksyon

Nan dat 11 mas 2021 an, Prezidan Biden te siyen Lwa Plan Sovtaj Ameriken 2021 (P.L. 117-2) (American Rescue Plan Act of 2021, "ARP") an, ki mete yon seri fon disponib sou baz Seksyon 3205 ARP a pou Pwogram HOME Investment Partnerships (HOME) nan, yon fason pou bay moun ki sanzabri yo èd ak sèvis sipò pou ede yo fè fas ak enpak san rete pandami COVID-19 la genyen sou ekonomi an, sante piblik la, gouvènman Eta ak lokal yo, moun yo ak biznis yo.

Yo te kreye pwogram HOME-ARP a pou soutni popilasyon byen presi ki vilnerab yo pa mwayen senk (5) aktivite:

1. Developman grasa akizisyon, reabilitasyon, oswa konstriksyon nouvo lojman ak sipò pou lojman ki abòdab
2. Èd lokatif ki baze sou lwave (TBRA)
3. Sèvis sipò
4. Akizisyon ak developman abri ki pa kolektif (NCS)
5. Fonksyònman ak ranfòsman kapasite òganizasyon ki pa sou fè lajan yo

Kongrè a te debloke 5 milya dola, epi yo te bay jiridiksyon ki te patisipe yo (participating jurisdictions, PJ), lè yo itilize fòmil alokasyon HOME nan. Pandan Ane Fiskal Federal (FFY) 2021 an, HUD te akòde yon montan \$269,831,517 pou Vil New York sou fòm fon HOME-ARP pou yon seri aktivite yo pwopoze rive jis 30 septanm 2030.

Pou resevwa fon sa yo, Vil la gen obligasyon pou devlope epi soumèt yon Plan Alokasyon HOME-ARP bay HUD a, ki dekri fason y ap debloke fon HOME-ARP a pou aktivite ki kalifye yo. Sa ki vin apre a se Plan Alokasyon HOME-ARP Vil la.

Konsiltasyon

Rezime pwosesis konsiltasyon an:

Pou pale konsènan developman Plan Alokasyon HOME-ARP li a, Depatman Prezèvasyon ak Developman Lojman Vil New York la (HPD) te òganize yon seri reyinyon konsiltasyon avèk plizyè patnè ak moun ki ap patisipe ki ap konble bezwen popilasyon kalifye (QP) nan pwogram HOME-ARP a. Pami sa yo te konsilte yo te gen NYC Continuum of Care (CoC), lòt ajans nan Vil la, ansanm ak òganizasyon prive ki ap sèvi moun ki sanzabri yo, moun ki chape anba vyolans nan kay ak vyolans ki baze sou sèks, moun ki gen andikap yo, veteran yo, ak lòt popilasyon ki vilnerab yo. Konsiltasyon sa yo te pèmèt HPD a tande pawòl founisè sèvis yo dirèkteman, yo menm ki gen konesans dirèk sou bezwen yo, erè nan sèvis yo ak potansyèl inisyativ ki kapab bon pou QP yo.

HPD te fè yon seri konsiltasyon sou fòm vityèl sitou pa mwayen Microsoft Teams ant mwa janvye ak fevriye 2023. Premye konsiltasyon an te fèt ak NYC CoC, lè yo te patisipe nan reyinyon Komite Direktè yo a sou fòm vityèl. Apresa, HPD te òganize plizyè seyans enfòmasyon vityèl pou tout lòt moun ki te patisipe yo, yon fason pou mande kontribisyon yo.

Nou rezime kòmantè nou resevwa yo nan tablo ki anba a. Manm pèsonèl HPD a ap kontinye enplike pati ki ap patisipe yo toutpandan yo ap mete aktive HOME-ARP ki pwopoze yo sou pye, yon fason pou gen asirans yo konble prensipal bezwen QP yo.

Tablo 1. Lis òganizasyon antiite sa yo konsilte, ak rezime kòmantè nou resevwa nan men antite sa yo

Ajans/Òganizasyon Konsilte	Popilasyon Kalifye yo Sèvi	Kalite Ajans/Òganizasyon	Metòd Konsiltasyon	Dat Konsiltasyon	Kòmantè
NYC CoC	1. Sanzabri	CoC	Reyinyon Komite Direktè CoC pa mwayen Zoom ak suivi nan imèl	20/1/23	<ul style="list-style-type: none"> Li nesesè pou gen plis fon pou devlope pwogram prevansyon kont ekspilsyon Homebase HRA a, ki ap sèvi moun ki gen risk pou vin sanzabri yo oswa ki bezwen sèvis stabilizasyon lojman toupatou nan Vil New York Li nesesè pou gen yon pwogram ak yon fon ki bay aksè nan koupon ak jesyon avantaj nan nivo kominotè
Biwo Majistra NYC a pou Elimine Vvolans nan kay ak Vvolans ki baze sou Sèks (ENDGBV)	3. Kouri oswa eseye kouri pou vvolans nan kay, vvolans nan frekantasyon, agresyon seksyèl, asèlman, oswa trafik moun	Ajans publik ki ap jere bezwen QP yo	Reyinyon Microsoft Teams epi suivi nan imèl	2/2/23	<ul style="list-style-type: none"> Bezwen lojman ki sekirize epi ki abòdab se yon prensipal priyorite pou moun ki chape anba vvolans nan kay ak vvolans ki baze sou sèks yo Posibilite lojman pèmanan aktyèl yo pa sifi pou konble demann èd yo Aktyèlman, dwe gen anviwon 3 lane oswa plis pou mete moun ki viktim vvolans nan kay yo nan lojman publik Moun selibatè ki chape anba vvolans nan kay ak vvolans ki baze sou sèks yo gen mwens opsyon lojman ki disponib

Ajans/Òganizasyon Konsilte	Popilasyon Kalifye yo Sèvi	Kalite Ajans/Òganizasyon	Metòd Konsiltasyon	Dat Konsiltasyon	Kòmantè
Depatman Sèvis Veteran NYC	1. Sanzabri 2. Nan risk sanzabri 4. Lòt popilasyon	Ajans publik ki ap jere bezwen QP yo Gwoup Veteran	Konvèrsasyon an fèt pi fasil grasa Microsoft Teams	10/2/23	<ul style="list-style-type: none"> Bezwen pou ajans nan Vil la bay veteran nan lojman yo sèvis prevansyon kont sanzabri ak konsèy nan kesyon lojman pou yo vin Ajans Konsèy nan kesyon Lojman HUD Apwouve Aksè nan novo lojman epi aksè nan pi bon kondisyon lojman se 2 nan 3 prensipal bezwen veteran NYC yo
Services for the Underserved, Inc. (SUS)	3. Kouri oswa eseye kouri pou vyolans nan kay, vyolans nan frekantasyon, agresyon seksyèl, asèlman, oswa trafik moun	Founisè Sèvis pou Vyolans nan kay Gwoup Veteran Òganizasyon prive ki konble bezwen moun ki gen andikap yo	Konvèrsasyon an fèt pi fasil grasa Microsoft Teams	15/2/23	<ul style="list-style-type: none"> Bezwen finanse plis manm pèsonèl pou founisè sèvis yo, yon fason pou redui reta nan sèvis livrezon Li nesesè pou gen plis fon pou konplete pwogram aktyèl yo tankou pwogram Homebase HRA a Suivi, resètfikasyon sibvansyon, bezwen èd pou aryere
Rezo Kominotè ADAPT	1. Sanzabri 2. Nan risk sanzabri 4. Lòt popilasyon	Òganizasyon publik/prive ki ap jere kesyon Lojman Ekitab, Dwa Sivik, ak Bezwen Moun ki Gen Andikap yo	Konvèrsasyon an fèt pi fasil grasa Microsoft Teams	17/2/23	<ul style="list-style-type: none"> Bezwen plis finansman pou ede moun ki gen andikap yo jwenn yon anviwònman familyal ki estab
Rezo Sipò pou Lojman nan New York (SHNNY)	1. Sanzabri	Founisè Sèvis pou Sanzabri Òganizasyon prive ki konble bezwen moun ki gen andikap yo	Konvèrsasyon an fèt pi fasil grasa Microsoft Teams	17/2/23	<ul style="list-style-type: none"> Yo pa bay okenn rekòmandasyon presi

Ajans/Òganizasyon Konsilte	Popilasyon Kalifye yo Sèvi	Kalite Ajans/Òganizasyon	Metòd Konsiltasyon	Dat Konsiltasyon	Kòmantè
Benevòl nan America-Greater New York (VOA-GNY)	1. Sanzabri 2. Nan risk sanzabri 4. Lòt popilasyon	Founisè Sèvis pou Sanzabri	Konvèsasyon an fèt pi fasil grasa Microsoft Teams	17/2/23	<ul style="list-style-type: none"> Yo pa bay okenn rekòmandasyon presi
Fon Doe	1. Sanzabri 2. Nan risk sanzabri 4. Lòt popilasyon	Founisè Sèvis pou Sanzabri	Konvèsasyon an fèt pi fasil grasa Microsoft Teams epi suivi nan imèl	17/2/23	<ul style="list-style-type: none"> Bezwen èd pou lwaye nan lojman ki la deja
RiseBoro	1. Sanzabri 4. Lòt popilasyon	Founisè Sèvis pou Sanzabri	Konvèsasyon an fèt pi fasil grasa Microsoft Teams	17/2/23	<ul style="list-style-type: none"> Yo pa bay okenn rekòmandasyon presi
Patenarya Konstriktif San Limit	1. Sanzabri 2. Nan risk sanzabri 4. Lòt popilasyon	Òganizasyon piblik/prive ki ap jere kesyon Lojman Ekitab, Dwa Sivik, ak Bezwen Moun ki Gen Andikap yo	1:1 reyinyon/konvèsasyon	17/2/23	<ul style="list-style-type: none"> Yo pa bay okenn rekòmandasyon presi
Sèvis Veteran ak Sèvis Familyal nan Tout Monn lan	1. Sanzabri 2. Nan risk sanzabri 4. Lòt popilasyon	Gwoup Veteran	Konvèsasyon an fèt pi fasil grasa Microsoft Teams	17/2/23	<ul style="list-style-type: none"> Moun ki ap viv poukout yo pou premye fwa, sitou apre yo soti nan prizon, bezwen èd pou adapte yo, edikasyon sou sekirite ak ikyèn, yon suivi pou kesyon sante mantal Bezwen lojman pou veteran

Ajans/Òganizasyon Konsilte	Popilasyon Kalifye yo Sèvi	Kalite Ajans/Òganizasyon	Metòd Konsiltasyon	Dat Konsiltasyon	Kòmantè
Nouvo Lojman Destiny	3. Kouri oswa eseye kouri pou vvolans nan kay, vvolans nan frekantasyon, agresyon seksyèl, asèlman, oswa trafik moun	Founisè Sèvis pou Vvolans nan kay	Konvèsasyon an fèt pi fasil grasa Microsoft Teams	13/2/23	<ul style="list-style-type: none"> Sèvis oryantasyon nan lojman epi pou kenbe lojman yo enpòtan/efikas pou moun ki te sanzabri yo Moun ki chape anba vvolans nan kay yo bezon pi bon aksè nan lojman ki gen sipò; definisyon sa ki la pou anpil tan/sanzabri te yon obstak Bezwèn manm pèsonèl ki fòme nan kesyon redui risk
Premye Pa	1. Sanzabri 4. Lòt popilasyon	Founisè Sèvis pou Sanzabri	Konvèsasyon an fèt pi fasil grasa Microsoft Teams	13/2/23	<ul style="list-style-type: none"> Èd finansye pou aryre ki nesesè pou konble erè w/ERAP pa kapab konble Apre moun ki te sanzabri yo fin anmenaje yon kote, yo kapab vin izole, sa ki ap afekte pèman lwaye a si pa gen sèvis konsèvasyon/estabilizasyon
Renouvèlman Pwojè	1. Sanzabri	Founisè Sèvis pou Sanzabri	Konvèsasyon an fèt pi fasil grasa Microsoft Teams	10/2/23	<ul style="list-style-type: none"> Yo pa bay okenn rekòmandasyon presi
Divizyon Lojman ak Renovasyon Kominotè NYS (HCR)	Tout	PHA	1:1 reyinyon/konvèsasyon	10/2/23	<ul style="list-style-type: none"> Planifikasyon pou konsantre sou konstwi epi konvèti lojman pou moun ki gen revni ki pi ba pase 50 poustan AMI an, avèk oswa san sèvis pou rezidan yo

Ajans/Òganizasyon Konsilte	Popilasyon Kalifye yo Sèvi	Kalite Ajans/Òganizasyon	Metòd Konsiltasyon	Dat Konsiltasyon	Kòmantè
Federasyon West Side pou lojman Granmoun ak Lojman Sipò (WSFSSH)	1. Sanzabri 2. Nan risk sanzabri 4. Lòt popilasyon	Founisè Sèvis pou Sanzabri	Konvèrsasyon an fèt pi fasil grasa Microsoft Teams	24/2/23	<ul style="list-style-type: none"> Bezwen kapital pou modènize Lojman pèmanan Senp yo pou pèmèt granmoun yo vyeyi anplas Bezwen sèvis lejè, fòmasyon sou teknoloji pou tout moun ki te sanzabri epi ki antre nan yon lojman pèmanan, yon fason pou gen asirans yo kapab gen aksè nan avantaj ki disponib
Sosyete Developman Inisyativ nan Katye yo (NIDC)	1. Sanzabri 2. Nan risk sanzabri 4. Lòt popilasyon	Òganizasyon piblik/prive ki ap jere kesyon Lojman Ekitab ak Dwa Sivik; Founisè Sèvis pou Sanzabri	1:1 reyinyon/konvèrsasyon ak suivi nan imèl	21/2/23	<ul style="list-style-type: none"> Prevansyon pou anpeche moun yo retounen vin sanzabri a mande fon pou oryante yo nan lojman, ak manm pèsònèl sipò pou kenbe yo nan lojman an Bezwen manm pèsònèl pou asire lyen ak sèvis sosyal epi sante, epi edikasyon ak pratik nan kesyon sekirite, rezoud pwoblèm ak planifikasyon finansye
Otorite Lojman nan Vil New York (NYCHA)	Tout	PHA	1:1 reyinyon ak plis suivi	28/2/2023 pou rive jodi a	<ul style="list-style-type: none"> Rezidan nan lojman piblik yo te vrèman bezwen èd pou regle aryere lwave yo

Patisipasyon Piblik la

PJ yo dwe prevwa epi ankouraje patisipasyon sitwayen yo nan devlopman yon plan alokasyon HOME-ARP. Anvan PJ yo soumèt plan an, yo dwe bay rezidan yo yon notifikasyon ak posibilite pou yo fè kòmantè sou plan alokasyon HOME-ARP ki pwopoze a, nan **mwens pase 15 jou sivil**. PJ a dwe respekte egzijans li te adopte nan kesyon “notifikasyon ki rezonab ak posibilite pou fè kòmantè” sou modifikasyon plan an, nan plan li an sou patisipasyon aktyèl sitwayen yo. Epitou, PJ yo dwe òganize **omwen yon odyans piblik** pandan devlopman plan alokasyon HOME-ARP la epi anvan yo soumèt li.

Pou objektif HOME-ARP a, PJ yo dwe mete enfòmasyon ki vin apre yo disponib pou piblik la:

- Montan HOME-ARP PJ a ap resevwa,
- Kantite aktivite PJ a kapab kòmanse.

Epitou, nan kad plan alokasyon Vil la, Vil la pwopoze pou Otorite Lojman nan Vil New York la (New York City Housing Authority, NYCHA), antanke sou-benefisyè, administre yon pati nan alokasyon Vil la pou èd finansye, sitou pou sèvis sipò pa mwayen pèman aryere lwave yo, pou moun oswa fanmi ki abite nan lojman piblik ki se byen NYCHA. Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini an (Department of Housing and Urban Development, HUD) panse pwopozisyon yo fè pou itilize fon yo, reprezante yon konfli enterè òganizasyonèl sou baz Seksyon VII.H.2 Notifikasyon HOME-ARP a. An konfòmite ak Notifikasyon HOME-ARP a, yon jiridiksyon pou patisipan nan HOME-ARP yo kapab mande HUD a yon eksepsyon pou yon konfli enterè òganizasyonèl, akondisyon jiridiksyon an bay, pami lòt bagay yo, yon seri enfòmasyon alekri sou nati konfli a. Gade Notifikasyon HOME-ARP a, Seksyon VII.H.4. Vil la te mande HUD a yon eksepsyon konsa, epi, an konfòmite ak demann sa a, li te mete enfòmasyon sou potansyèl konfli enterè òganizasyonèl la piblik.

Dekri pwosesis patisipasyon piblik la, san wete enfòmasyon ansanm ak dat peryòd kòmantè piblik ak odyans piblik ki te fèt pandan devlopman plan an:

- Dat Notifikasyon Piblik pou plan alokasyon HOME-ARP yo pwopoze a:** 2/3/2023
- Peryòd pou kòmantè piblik:** dat kòmanse: 9/3/2023; dat li fini: 24/3/2023
- Odyans piblik:** 15/3/2023

Jan nou montre sa anba a, yo te pibliye notifikasyon piblik sou plan alokasyon yo pwopoze a nan kat (4) jounal lokal, epi yo te tradui yo sot nan Anglè pou vin nan Espanyòl, Ris, ak Chinwa, jan sa parèt nan Plan Patisipasyon Sitwayen nan Vil la. Nan notifikasyon an te gen detay sou peryòd kòmantè piblik la ap kòmanse, dat odyans piblik la ak fason pou gen aksè nan sèvis tradiksyon anplis. Epitou, yo te telechaje vèsyon pwojè tradiksyon plan an mete sou paj entènèt plan konsolide a. Nan pwojè tradiksyon sa yo te gen tradiksyon nan lòt lang tou.

Epitou, Vil la te pibliye yon potansyèl konfli enterè òganizasyonèl nan kad yon demann pou yon eksepsyon Vil la te soumèt bay HUD a. Yo te pibliye konfli a nan yon notifikasyon piblik nan dat 2 novanm 2023 nan kat (4) jounal lokal, epi yo te tradui li nan dis lang apati lang Anglè. Yo te mande piblik la pou soumèt kòmantè yo alekri soti 3 novanm pou rive 9 novanm 2023.

Dekri nenpòt efò ki te fèt pou elaji patisipasyon piblik la:

Vil la itilize divès metòd notifikasyon pou enfòme piblik la. Yo te voye plis pase 1,000 notifikasyon nan imèl bay rezidan Vil New York yo, òganizasyon yo, ak fonksyonè piblik yo, pou envite yo bay kòmantè pandan peryòd revizyon piblik la pou Plan Alokasyon HOME-ARP a.

Epitou, yo te pibliye notifikasyon konsènan odyans piblik sou plan alokasyon yo pwopoze a nan kat (4) jounal lokal: yon Anglè, yon Espanyòl, yon Ris ak yon Chinwa, ki parèt chak jou, yo chak gen difizyon toupatou nan vil la.

Mete sou sa, yo te pibliye notifikasyon sou plan alokasyon yo pwopoze a sou sit entènèt Biwo Operasyon Majistra a epi Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman NYC a. Gen yon vèsyon PDF Plan Alokasyon HOME-ARP a ki disponib sou sit entènèt Biwo Operasyon Majistra a pou piblik la egzamine epi telechaje. Epitou, plan an disponib pou egzamine piske li tradui nan dis lang: Arab, Benngali, Chinwa Senplifye, Chinwa Tradisyonèl, Fransè, Kreyòl Ayisyen, Koreyen, Polonè, Ris, Espanyòl ak Oudou.

Vil New York te mete yon paj entènèt dedye disponib pou pèmèt rezidan Vil New York yo bay kòmantè yo. Yo te pibliye plan modifye, yo pwopoze epi apwouve yo, sou paj entènèt plan konsolide a, epi yo disponib pou telechaje.

Rezime kòmantè ak rekòmandasyon yo te resevwa nan kad pwosesis patisipasyon piblik la:

Vil la pa t resevwa okenn kòmantè oswa rekòmandasyon piblik la.

Fè rezime sou nenpòt kòmantè oswa rekòmandasyon yo pa t aksepte epi di pouki rezon:

Vil la pa t resevwa okenn kòmantè oswa rekòmandasyon piblik la.

VIL NEW YORK

BIWO OPERASYON MAJISTRA a, DEPATMAN PREZÈVASYON AK DEVELOPMAN LOJMAN NYC A ansanm ak DEPATMAN PLANIFIKASYON VIL la Notifikasyon sou yon ODYANS PIBLIK ak yon PERYÒD KÖMANTÈ sou Plan Alokasyon HOME.AR.P a

POU TOUT AJANS, KONSÈY KOMINOTÈ, GWOUP, ANSANM AK MOUN KI ENTERESE:

Nan dat 11 mas 2021 an, Prezidan Biden te siyen Lwa Plan Sovtaj Ameriken 2021 (P.L. 117-2) (*ARP*), pou fon apwopriye ki debloke sou baz Seksyon 3205 pou Pwogram HOME Investment Partnerships la (HOME), yon fason pou bay moun ki sanzabri yo èd ak sèvis sipò pou ede yo fè fas ak enpak san rete pandami COVID-19 la genyen sou ekonomi an, sante publik la, administrsyon Eta ak lokal yo, moun yo ak biznis yo.

Biwo Operasyon Majistra a ak Depatman Prezèvasyon ak Developman Lojman (HPD) NYC a gen responsabilite pou mete Plan Alokasyon HOME-ARP a sou pye, epi yo te pwograme:

- Yon Peryòd pou Kòmantè Publik pandan 15 jou sou Plan Alokasyon HOME-ARP a soti **jedi 9 mas 2023 – vandredi 24 mas 2023**.
Nou ankourage publik la pou soumet kòmantè yo a alekri bay Ekip HOME ARP Depatman Prezèvasyon Ak Developman Lojman a nan homearp@hpd.nyc.gov.
- Yon Odyans Publik nan **mèkredi 15 mas soti 6:00-7:00pm** pou Plan Alokasyon HOME-ARP a.

Odyans lan ap fèt nan adres ki vin apre a:

NYC City Planning Commission Hearing Room
Lower Concourse, 120 Broadway, Manhattan

Epitou, ou kapab asiste odyans lan sou fòm vityèl nan adres sa a:

Wèbinè ID: 812 5269 1068

Lyen ZOOM pou patisipasyon Publik la:

<https://us06web.zoom.us/j/81252691068?pwd=TkZLeU1MY2d5eUpqeTJ5WUJTRHIVUT09>

Yo te pwograme Odyans Publik la yon fason pou jwenn kòmantè sou Plan Alokasyon HOME-ARP a, epi sou fason Vil la itilize fon federal yo pou fè fas ak enpak san rete pandemi COVID-19 la, epi pou developman aktivite yo pwopoze yo. Pou gen aksè nan plan sa a, tanpri, ale sou paj nou an nan: <https://www.nyc.gov/site/operations/projects/consolidated-plan.page>. Nou ap egzamine tout kòmantè ak rekòmandasyon nou resevwa yo, epi nou ap pran yo an konsidérasyon pandan pwosesis planifikasyon an. Nou ap soumet yon rezime sou kòmantè ak repons Vil la bay HUD pou apwobasyon nan Plan Alokasyon HOME-ARP final la.

Pandan Ane Fiskal Federal (FFY) 2021 an, Vil la te resevwa 5269,631,517 nan men HUD ki soti nan fon HOME-ARP. Vil la pwopoze pou debloke fon sa yo pou objektif ki vin apre yo rive jis 30 septanm 2030:

- Lojman pou Lwe
- Èd Lokatif ki baze sou Lwaye
- Vin Gen Chèltè ki Pa Kolektik
- Sèvis Sosyal
- Administrasyon ak Planifikasyon

Tanpri, fè NYC Department of City Flaming konnen si ou bezwen yon aranjman ki rezonab, tankou, san se pa sèlman, entèpretasyon nan lang siy, pou patisipe nan odyans publik la. Yo ap jere kesyon entèpretasyon nan lang etranje a selon resous ki disponib yo. Tanpri voye demann yo nan imèl bay accessibilityinfo@planning.nyc.gov oswa rele nan 212-720-3508 nan omwen senk (5) jou travay anvan odyans lan oswa bay Plan Konsolide a nan complannyc@cityhall.nyc.gov.

Nou ankourage publik la pou soumet kòmantè yo a alekri bay Ekip HOME ARP Depatman Prezèvasyon Ak Developman Lojman a nan homearp@hpd.nyc.gov.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou Depatman Prezèvasyon ak Developman Lojman NYC a, tanpri vizite nou nan <http://www.nyc.gov/hpd>.

Vil New York: Eric Adams, Majistra

Dan Steinberg, Direktè, Biwo Operasyon Majistra a

Adolfo Carrion, Komisè, Depatman Prezèvasyon ak Developman Lojman NYC

Dat: 23 fevriye 2023

**VIL NEW YORK
BIWO OPERASYON MAJISTRA A,
DEPATMAN PREZÈVASYON AK DEVLOPMAN LOJMAN NYC
Notifikasyon sou yon PERYÒD KÒMANTÈ sou
Divilgasyon Publik sou Konfli Enterè**

POU TOUT AJANS, KONSEY KOMINOTÈ, GWOUP, ANSANM AK MOUN KI ENTERESE:

Nan dat 11 mas 2021 an, Prezidan Biden te siyen Lwa Plan Sovtaj Ameriken 2021 an (P.L. 117-2) ("ARP"), kote sou baz Seksyon 3205 pou Pwogram HOME Investment Partnerships la (HOME), ARP prevwa bay moun ki sanzabri yo èd ak sèvis sipò pou ede yo fè fas ak enpak san rete pandami COVID-19 la genyen sou ekonomi an, sante piblik la. Kongrè a te debloke 5 milya dola pou bay gouvènman Eta ak lokal, moun, ak biznis yo, ki te repati ant jiridiksyon ki te patisipe yo selon fòmil alokasyon HOME nan. Pandan Ane Fiskal Federal 2021 an, HUD te akòde yon montan \$269,831,517 pou Vil New York sou fòm fon HOME-ARP pou yon seri aktivite yo pwopuze rive jis 30 septanm 2030.

Pou resevwa fon sa yo, Vil la gen obligasyon pou devlope epi soumèt yon Plan Alokasyon HOME-ARP bay HUD a, ki dekri fason yo ap itilize fon HOME-ARP a pou aktivite ki kalifye yo.

Nan kad Plan Alokasyon Vil New York la, pou Vil la resevwa alokasyon pa li a nan fon HOME-ARP yo, Vil la pwopuze pou Otorite Lojman nan Vil New York la (NYCHA), antanke sou-benefisyè, itilize yon pati nan \$270 milyon ki debloke pou Vil la, yon fason pou jere èd finansye, sitou pou sèvis sipò pa mwayer pèman aryere lwave yo, pou moun oswa fanmi ki abite nan lojman piblik ki se byen NYCHA. Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini an (HUD) panse pwopozisyon yo fè pou itilize fon yo reprezante yon konfli enterè òganizasyonèl sou baz Seksyon VII.H.2 Notifikasyon HOME-ARP la, ki fè konnen yon sou-benefisyè pa kapab jere èd finansye, san wete lwave, pou sa ki gen rapò ak moun oswa fanmi ki abite nan lojman ki se byen sou-benefisyè. Epitou, li pa kapab jere sèvis sipò pou moun oswa fanmi ki abite nan yon inite lojman ki se pwopriyete sou-benefisyè a. *Gade CPD-21-10: Kondisyon pou Itilize Fon nan Pwogram Plan Sovtaj Ameriken-HOME nan*, ki te pibliye nan dat 13 septanm 2021 ("Notifikasyon HOME-ARP a"), Seksyon VII.H.2.

Direktiv HUD yo fè konnen Otorite Lojman Piblik yo (Public Housing Authorities, "PHA") pa kapab anile oswa redui aryere lwave yo avèk fon pou fonksyònman oswa envestisman lojman piblik yo, selon règleman an, yo pa kalkile pou jere kesyon aryere oswa defisi nan lwave. Olye sa, HUD ankouraje PHA yo fè patenarya avèk lokalite yo ansanm ak lòt patnè pou ede fanmi ki bezwen èd yo. An konfòmite ak direktiv sa yo, NYCHA ansanm ak Vil la te chèche jwenn èd HOME-ARP a yon fason pou ede fanmi ki kalifye yo pou aryere lwave yo. Pèman NYCHA ap jere nan kad HOME-ARP a ap redui montan pèman pou lwave anreta fanmi yo dwe yo, epi konsa, sa ap ede fanmi NYCHA ki gen reta sou pèman lwave yo. Sepandan, nenpòt èd yo bay pou redui aryere lwave fanmi yo se ap fon NYCHA a voye bay tèt li tou, paske NYCHA a se founisè lojman, moun yo dwe aryere lwave sa yo. Piske dispozisyon èd HOME-ARP sa a mande pou NYCHA a jere kesyon pèman yo li menm, yon fason pou li kapab redui montan lokatè lojman piblik NYCHA yo dwe yo, HUD a te rann li kont se yon kalite èd ki entèdi sou baz Seksyon VII.H.2 a, sof si HUD a dakò ak sa.

An konfòmite ak Notifikasyon HOME-ARP a, yon jiridiksyon pou patisipan nan HOME-ARP yo kapab mande HUD a yon eksepsyon pou yon konfli enterè òganizasyonèl, akondisyon jiridiksyon an bay, pami lòt bagay yo, yon seri enfòmasyon alekri sou nati konfli a. Gade Notifikasyon HOME-ARP a, Seksyon VII.H.4. Vil la gen entansyon prezante yon demann konsa pou yon eksepsyon bay HUD a, epi, an konfòmite ak demann sa a, li te pibliye enfòmasyon sa a.

Yo te mande publik la fè kòmantè sou potansyèl konfli enterè ki genyen nan kesyon se NYCHA ki ap jere sèvis sipò yo pa mwayen pèman aryere lojman pou moun oswa fanmi ki abite nan lojman publik ki se pwopriyete NYCHA yo. Nou mande moun ki vle reyaji yo soumèt kòmantè yo a alekri bay Ekip HOME ARP Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman an nan homearp@hpd.nyc.gov.

Yo pwograme Peryòd Kòmantè Publik pandan **5 jou travay** konsènan Divilgasyon Publik sou Konfli Enterè a soti **3 novanm 2023 – 9 novanm 2023**.

Pou aprann plis sou Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman NYC a, tanpri vizite nou nan <http://www.nyc.gov/hpd>.

Vil New York: Eric Adams, Majistra
Dan Steinberg, Direktè, Biwo Operasyon Majistra a
Adolfo Carrion, Komisè, Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman NYC

Dat: 2 Novanm 2023

Evalyasyon Bezwen ak Analiz Erè

Tablo 2. Envantè sou Bezwen Lojman ak Analiz Erè

Sanzabri										
	Envantè Aktyèl			Popilasyon Sanzabri				Analiz Erè		
	Fanmi	Granmoun Sèlman	Veteran	Fanmi HH (omwen 1 timoun)	Granmoun HH (w/o timoun)	Veteran	Viktim Vyolangs nan kay	Fanmi	Granmoun Sèlman	
	Kantite Kabann	Kantite Kabann	Kantite Kabann					Kantite Kabann	Kantite Kabann	
Chèltè dijans	31,138	31,786	160							
Lojman Tranzisyon	332	2,588	179							
Sipò Lojman Pèmanan	7,711	27,854	4,996							
Lòt Lojman Pèmanan	555	95	0							
Sanzabri ki Loje				29,532	28,798	474	4,845			
Sanzabri ki pa Loje				0	3,452	8	0			
Erè Aktyèl oswa Plis								1,606	-464	

Sous Done: [2022 NYC Point in Time Count \(PIT\)](#); [2022 Continuum of Care Housing Inventory Count \(HIC\)](#)

Jan sa parèt nan Envantè sou Bezwen Lojman ak Analiz Erè yo prezante nan Tablo 2 a, gen yon bezwen pou plis kabann lojman dijans pou granmoun yo. Chak ane, gen plizyè santèn rezidan Vil New York ki deplase kite kay yo akoz dife, okipasyon ilegal, ansanm ak lòt kondisyon danjere. Aktyèlman, gen yon defisi pou anviwon 464 kabann granmoun nan sistèm chèltè dijans Vil la, pou rezidan ki deplase akoz dife epi lòd evakyasyon Vil la bay yo.

Dekri gwosè ak konpozisyon demografik popilasyon ki kalife nan limit PJ yo:

QP1: Sanzabri

Tablo 3 ki anba a montre gwosè ak konpozisyon demografik popilasyon moun ki sanzabri nan Vil New York la an 2022. Jan done yo montre sa, kriz lojman an ak kesyon sanzabri a te touche rezidan koulè nan New York yo, sitou Nwa ansanm ak Ispanik yo, yon fason ki pa pwopòsyonèl.

Tablo 3. Done Demografik sou Popilasyon Sanzabri NYC (2022)

Popilasyon Sanzabri Vil New York (ki gen abri epi ki pa gen abri)	Moun ki Sanzabri	Pòsyon pa Moun ki Sanzabri
Total	61,840	100%
Ras		
Nwa oswa Ameriken Nwa	45,686	74%
Blan	10,696	17%
Azyatik	746	1%
Endyen Ameriken / Moun Alaska Natifnatal	419	1%
Moun Away Natifnatal / lòt Moun Zile Pasifik	957	2%
Plizyè Ras	3,336	5%
Orijin Etnik		
Ispanik / Latino	23,415	38%
Pa Ispanik / Pa Latino	38,425	62%
Sèks		
Fi	26,715	43%
Gason	34,657	56%
Transjan	421	1%
Pa Konfòm ak Sèks	44	<1%
Ap cheche Konn Idantite	3	<1%
Sou-popilasyon		
Malad Mantal Grav III	9,980	16%
Abi Sibstans Kwonik	4,576	7%
Veteran	482	1%
VIH/SIDA	2,896	5%
Viktim Vyolans nan kay	4,845	8%
Jèn ki Pa Akonpanye	2,094	3%
Jèn ki se Paran	1,500	2%
Jèn Timoun ki se Paran	1,669	3%

**Sous
Done:**

Kontaj Ponktyèl NYC 2022 (PIT)

QP2: Nan Risk Sanzabri

Anplis popilasyon sanzabri yo, gen plizyè milye rezidan New York ki nan risk pou vin sanzabri. Selon jan HUD a defini sa, se yon seri fwaye ki gen yon revni ki pi ba pase 30 poustan revni medyan reyonal la (AMI), ki pa gen ase resous oswa ase rezo sipò pou anpeche yo vin sanzabri, epi ki ranpli youn (1) oswa plizyè kritè ki montre yo pa gen yon lojman ki estab, tankou fwaye ki te demenaje omwen de (2) fwa pandan 60 dènye jou yo pou rezon ekonomik, fwaye yo te voye notifikasyon ba yo pou fè yo konnen lojman aktyèl yo a pral fini, oswa fwaye "ki ap viv[] nan yon lojman ki prezante yon seri karakteristik ki asosye ak enstabilite epi yon ogmantasyon risk pou vin sanzabri, jan yo idantifye sa nan plan konsolide benefisyè a apwouve a".

Plan konsolide aktyèl (2021-2025) Vil New York apwouve a, idantifye karakteristik lojman ki te asosye ak enstabilite epi yon ogmantasyon risk pou vin sanzabri yo, tankou menas ekspilsyon, pa gen kontra lwave, revni ki fèb anpil ak chaj lokatif ki wo anpil, lojman ki pa estanda, demenajman ki fèt souvan pandan ane ki pase a, oswa epizòd sanzabri resan. Gen yon seri done demografik konplè ki pa disponib pou tout fwaye nan popilasyon kalifye ki gen risk pou vin sanzabri yo, epi ki manke sitou pou fwaye ki ap fè fas ak menas ekspilsyon, ki pa gen yon kontra lwave, ki te demenaje souvan pandan ane ki pase a, oswa ki gen epizòd sanzabri resan. Sepandan, done Sondaj Kominotè Ameriken an (American Community Survey, ACS) bay yon apèsi sou fwaye ki gen revni ki fèb anpil epi ki gen chaj lokatif ki wo anpil yo, ak moun ki ap viv nan lojman ki pa estanda yo, kote toude se karakteristik lojman ki asosye ak enstabilite epi yon ogmantasyon risk pou vin sanzabri. Done ACS sa yo idantifye karakteristik fwaye ki gen revni ki egal oswa ki pi ba pase 30 poustan AMI an oswa ki ant 30 ak 50 poustan AMI an, epi ki ap fè fas ak gwo pwoblèm lojman, san wete pa gen enstalasyon kuizin konplè, pa gen enstalasyon plonbri konplè, gen yon pakèt moun (plis pase 1.5 moun nan chak chanm), epi yon chaj lokatif ki depase 50 poustan. Yo asosye absans enstalasyon kuizin ak plonbri konplè epi pakèt moun ki ap viv yo, ak lojman ki enferyè ak lojman estanda, epi chaj lokatif ki depase 50 poustan an koresponn ak yon chaj lokatif ki wo anpil.

Tablo 4. Done Demografik ak Pwoblèm Lojman Grav pou Fwaye ki gen Salè 0-50% AMI

Fwaye Lokatif nan Vil New York	0%-30% Fwaye AMI	30%-50% Fwaye AMI	0-30% Fwaye AMI ki gen 1 oswa plis pwoblèm lojman grav	30-50% Fwaye AMI ki gen 1 oswa plis pwoblèm lojman grav
Total	675,691	334,894	512,210	135,460
Ras / Orijin Etnik				
Nwa oswa Ameriken Nwa	173,349	81,847	130,601	27,684
Blan	132,672	67,804	107,375	39,104
Azyatik	69,740	34,266	54,598	17,287
Endyen Ameriken / Moun Alaska Natifnatal	607	558	607	558
Moun Zile Pasifik	379	0	379	0
Ispanik	271,831	137,468	194,428	45,157

Plizyè Ras/ Yon lòt ras, ki pa Ispanik	27,370	12,951	24,222	5,670
---	--------	--------	--------	-------

Sous Done: 2021 American Community Survey (ACS) 1-Year Estimates, Public Use Microdata Sample (PUMS)

Jan Tablo 4 la montre sa, gen 512,210 fwaye lokatè nan Vil New York ki twouye yo nan oswa anba 30 pousan AMI an, epi ki ap fè fas ak youn (1) oswa plizyè pwoblèm lojman ki grav. Gen 135,460 fwaye lokatè anplis nan Vil New York ki gen revni ki ant 30 pousan ak 50 pousan AMI an, epi ki ap fè fas ak youn (1) oswa plizyè pwoblèm lojman ki grav.

Jan Tablo 5 lan montre sa, chaj lokatif ki wo anpil yo se youn nan pwoblèm lojman ki rive pi souvan epi ki afekte fwaye ki gen revni ki egal oswa ki pi ba pase 30 pousan AMI an. Sou tout lokatè ki gen nan Vil New York yo, gen 53.4 pousan ki te gen yon chaj lokatif ki pi wo pase 30 pousan, epi 29.1 pousan te peye plis pase 50 pousan nan revni brit yo pou lwave. Se fwaye ki gen revni ki fèb anpil, ki egal oswa ki pi ba pase 30 pousan AMI an ki plis touche akoz pwoblèm sa a: pam fwaye sa yo, 82.4 pousan ap fè fas ak yon chaj lokatif ki pi plis pase 30 pousan, epi 66.7 pousan ap fè fas ak chaj lokatif grav ki pi plis pase 50 pousan. Chaj lokatif yo peze sou do yo prèske menm jan ak prensipal gwoup rasyal epi etnik yo.

0 – 30% Revni Medyan Rejyonal: Nan nivo revni sa a, 75.8 pousan nan fwaye lokatif yo ap fè fas ak youn oswa plizyè pwoblèm lojman grav. Yo fè fas ak pwoblèm sa yo nan pwopòsyon ki sanble ak prensipal gwoup rasyal epi etnik yo.

30 – 50% Revni Medyan Rejyonal: Nan nivo revni sa a, Blan yo ak Azyatik yo ap fè fas tou ak yon ensidans ki pa pwopòsyonèl konsènan nenpòt pwoblèm lojman grav, nan 57.6 pousan epi 50.4 pousan, parapò ak to global 40.4 pousan an.

Tablo 5. Chaj Lokatif

Nivo Revni	Total Fwaye	Fwaye ki gen Chaj Lokatif 30%-50%	Pataje Chaj Lokatif 30%-50%	Fwaye ki gen Chaj Lokatif ki Grav >50%	Pataje Chaj Lokatif ki Grav >50%	Total Chaj Lokatif	Total %
0-30% AMI	675,691	105,738	15.6%	450,946	66.7%	556,684	82.4%
30-50% AMI	334,894	150,313	44.9%	116,473	34.8%	266,786	79.7%

Sous Done: 2021 American Community Survey (ACS) 1-Year Estimates, Public Use Microdata Sample (PUMS)

QP3: Kouri oswa eseye kouri pou vyolans nan kay oswa trafik moun

Gen yon seri prèv nasyonal ak lokal sou pwen rankont ki genyen ant vyolans ki baze sou sèks, enstabilite lojman, ak sanzabri, ki byen dokimante. Vyolans nan relasyon se prensipal koz kesyon sanzabri pou medam ak timoun yo, epi nesesite pou gen lojman ki sekirize epi ki abòdab se yon prensipal priyorite pou moun ki chape anba vyolans nan kay ak vyolans ki baze sou sèks yo. Nan Vil New York, byen souvan, sivivan ki antre nan yon chèltè pou viktim vyolans nan kay yo pa kapab jwenn lojman ki estab nan dat limit Eta a bay la (180 jou), epi yo mete yo deyò nan sistèm chèltè DHS la, sa ki lakoz yo vin gen plis pwoblèm ak enstabilite anvan yo kapab retounen nan yon lojman pèmanan.

Nan mwa mas 2023, te gen plis pase 4,400 kandida sou lis Datant Lojman Biblik la, ki te idantifye tèt yo antanke yon viktим vyalans nan kay sou baz Lwa sou Vyalans Ki Fèt Sou Fanm (Violence Against Women Act, VAWA). Epitou, te gen plis pase 1,900 transfè yo te apwouve pou fwaye ki deja nan lojman biblik, epi ki se viktим vyalans nan kay, vyalans nan frekantasyon, agresyon seksyèl, epi asèlman sou baz VAWA.

An 2021, Liy Dirèk kont Trafik Moun nan te resevwa 1,662 siyal nan Eta New York konsènan koze trafik moun nan, kote 671 se te moun ki viktим oswa ki chape anba trafik moun. Done byen presi pou Vil New York yo pa disponib.

Tablo 6. Resansman Abri pou Vyalans nan kay HRA

Kalite Fwaye	Kontaj
Granmoun Selibatè	114
Granmoun ki nan Fanmi	1,494
Timoun ki nan Fanmi	2,346
Total	3,954

Sous Done: [Local Law 37 HRA- Report – Open Data](#), nan dat desanm 2022

QP4: Lòt Popilasyon

Vil New York gen yon popilasyon divèsifye, kote bezwen yo nan kesyon estabilite lojman vareye anpil. Anplis popilasyon kalifye ki garanti anwo a, gen yon pakèt lòt popilasyon kote sèvis sipò oswa èd yo jwenn yo ap anpeche fammi yo vin sanzabri, oswa ki ap sèvi moun ki nan pi gwo risk pou enstabilite lojman yo. Aktout pa gen done konplè ki disponib sou tout fwaye nan popilasyon ki kalifye pami lòt popilasyon yo (QP4), Vil la te eksplwate sous done sa yo ki disponib pou evalye bezwen diferan gwoup ki konte sou QP4 a.

Fwaye ki gen Pi Gwo Risk Enstabilite Lojman

Nan popilasyon ki kalifye pami “lòt popilasyon yo” gen fwaye ki gen pi gwo risk enstabilite lojman ki pa kalifye sou baz okenn nan lòt twa (3) popilasyon HOME-ARP ki kalifye yo, ki gen revni ki pi ba pase oswa ki egal ak 50 poustan AMI an, epi ki ranpli youn (1) nan plizyè kritè ki site nan definisyon règlemente “risk sanzabri” a, san wete lefètke yo voye “notifikasyon alekri ba yo ki di dwa yo genyen pou abite nan lojman aktyèl yo a oswa sitiyasyon lavi yo ap fini nan 21 jou”, oswa “ki ap viv nan yon lojman ki gen karakteristik ki asosye ak enstabilite epi ogmantasyon risk pou vin sanzabri, *jan yo idantifye sa nan plan konsolide benefisyè ki apwouve a*” (se nou ki met aksan an). Jan nou te pale sou sa, plan konsolide Vil New York apwouve a, idantifye karakteristik lojman ki te asosye ak enstabilite ansanm ak ogmantasyon risk pou gen sanzabri, tankou, san se pa sa sèlman, menas ekspilsyon, revni ki fèb anpil ak chaj lokatif ki wo anpil.

Done ki soti nan Otorite Lojman nan Vil New York la (New York City Housing Authority, NYCHA) montre gen plizyè dizèn milye fwaye ki ap viv nan lojman NYCHA yo, ki fè pati popilasyon kalifye ki gen pi gwo risk enstabilite lojman akoz akimilasyon aryere lwaye ki lye ak pandemi an epi ki vrèman depase kapasite pèman fwaye a, akoz yo pa priyorize rezidan ki nan lojman biblik yo nan Pwogram Èd pou Lwaye Annijans New York la (Emergency Rental Assistance Program, ERAP), akoz fen desizyon Eta a te pran sou ekspilsyon

ki lye ak pandemi a, sou baz politik federal la, akoz Ajans Lojman Piblik yo pa kapab anile aryere Iwaye, akoz yon ogmantasyon menas ekspilsyon lefètke modèl fon lojman piblik la baze sou koleksyon Iwaye, epi akoz yon seri obstak inik pou gen aksè ak lòt sipò lojman si yo ekspilse yon fwaye ki te nan lojman piblik.¹ Kidonk, aktout gen yon bezwen ki pa konble pami lokatè yo toupatou nan vil la, pou sipò lojman NYCHA bay yo, gen yon bon pati pami fwaye nan popilasyon ki kalifye epi ki prezante pi gwo risk enstabilite lojman yo, ki abite aktyèlman nan lojman piblik NYCHA yo. Salè fwaye sa yo pa depase 50 pouzan AMI an, epi yo ap viv nan lojman ki prezante yon seri karakteristik ki asosye ak enstabilite epi yon ogmantasyon risk pou sanzabri, san wete lefètke yo gen revni ki fèb anpil oswa ki ba anpil, lefètke yo gen yon gwo chaj konbine konsènan Iwaye ak aryere Iwaye, lefètke yo anba menas ekspilsyon nan lojman piblik akoz aryere Iwaye ki pa peye ki lye ak pandemi COVID-19 la, epi lefètke yo ap fè fas ak yon seri obstak inik pou yo jwenn yon pwochen lojman ki gen èd federal si yo mete fwaye a deyò nan lojman piblik, oswa si li toujou gen dèt pou yon PHA. Jan nou eksplike sa anba a, modèl reglementè federal pou PHA yo mande pou PHA yo konte sou Iwaye lokatè yo pou finanse operasyon yo, epi NYCHA a konte sou Iwaye yo pou anviwon 30 pouzan nan bidjè fonksyònman li an. Epitou, politik federal la entèdi NYCHA renonse ak kèlkeswa Iwaye yo te dwe a. Piske ogmantasyon aryere Iwaye ki vin genyen akoz pandemi an te lakoz vin gen plis defisi eksplwatasyon, yon fason konsiderab, NYCHA a te obliye kòmanse ogmante kantite pwo sedi ekspilsyon li te angaje kont fwaye ki pa kapab peye aryere Iwaye yo a. Kokennchenn difikilte ki lye ak kesyon ekspilsyon an vin pi grav sitou pou rezidan nan lojman piblik yo paske, lefètke yo mete yo deyò nan lojman piblik oswa yo toujou gen yon dèt pou PHA, yo ap fè fas ak yon seri gwo obstak inik anplis pou yo jwenn yon lojman anvan sa ki gen èd federal. Lefètke yon PHA depann sou revni lokatif yo pou bidjè fonksyònman li yo, enkapasite pou yon PHA renonse ak Iwaye a sou baz politik federal la, ansanm ak obstak pou lojman byen presi, yo enpoze moun yo te mete deyò nan yon lojman piblik oswa ki toujou gen yon dèt pou PHA a, bagay sa yo konbine pou bay garanti yon inite lojman piblik kote yon fwaye ki gen revni ki fèb anpil oswa ki ba anpil abite akoz yon gwo chaj Iwaye ak aryere Iwaye konbine, se yon inite lojman ki prezante karakteristik ki asosye ak enstabilite ansanm ak yon ogmantasyon risk pou sanzabri.

Anviwon 70,000 fwaye NYCHA gen aryere Iwaye, epi kounye a, yo ap fè fas ak menas ekspilsyon. Fwaye NYCHA yo fè pati kèk nan fwaye ki gen revni ki pi ba nan vil la, avèk yon revni brit mwayen ki se sèlman \$25,239. Anviwon 95 pouzan nan rezidan NYCHA ap sèvi yo, se moun koulè. Swasanndiznèf pouzan nan fwaye NYCHA ki gen reta sou pèman yo gen yon revni ki pa depase 50 pouzan AMI an, epi mwayèn revni fwaye ki nan gwoup sa yo se jis \$20,842. Fwaye nan lojman piblik ki anreta sou pèman epi ki gen yon revni ki pa depase 50 pouzan AMI an, dwe an mwayèn \$5,637 aryere Iwaye pa fwaye. Kòm konparezon, mwayèn Iwaye chak mwa fwaye sa yo se \$519, sa vle di mwayèn montan aryere yo dwe a prèske onz fwa pi plis pase mwayèn montan Iwaye chak mwa a. Kidonk, an reyalite mwayèn fanmi ki anreta sou pèman epi ki gen yon revni ki pa depase 50% AMI an dwe prèske yon (1) lane Iwaye chak mwa—Iwaye mwa aktyèl la plis yon montan aryere ki onz fwa pi plis pase Iwaye mwa aktyèl la. Vennsèt pouzan nan fwaye ki anreta sou pèman yo se yon seri chèf fanmi ki granmoun, epi pifò nan granmoun sa yo ki anreta sou pèman yo, ap viv poukont yo. Karannsenk pouzan nan fwaye ki anreta sou pèman yo se moun ki ap travay, epi anviwon mwatye nan yo se timoun ki gen mwens pase 18 lane. Trannsis pouzan fwaye ki anreta sou pèman

¹ Vil la ak NYCHA kontinye fè konnen akoz menm aryere Iwaye ki lye ak pandemi an ansanm ak obstak nou te pale nan seksyon sa a, gen anpil rezidan NYCHA ki gen revni egal oswa pi ba pase 30 pouzan AMI an, ki pa gen ase resous oswa rezo sipò pou anpeche yo demenaje al viv nan yon lòt abri, epi ki te jwenn notifikasyon ki di dwa yo genyen pou abite nan yon lojman an ap fini, oswa moun ki ap viv nan yon lojman ki prezante karakteristik ki asosye ak enstabilite epi ogmantasyon risk pou sanzabri yo, respekte definisyon popilasyon kalifye ki “nan risk pou vin sanzabri a” (QP2).

epi ki gen revni ki pa depase 50 pouzan AMI an, gen yon revni ki fiks. Anviwon 27 pouzan fwaye ki anreta sou pèman epi ki gen revni ki pa depase 50 pouzan AMI an, se moun ki ap viv nan Bronx, 31 pouzan ap viv Brooklyn, 29 pouzan nan Manhattan, epi 12 pouzan nan Queens ak Staten Island.

Nan popilasyon rezidan NYCHA a, gen moun ki se veteran, san wete omwen 239 fwaye veteran ki te nan sanzabri anvan sa. Epitou, nan mwa novanm 2023, gen 504 rezidan ki te fè konnen yo resevwa revni ki soti nan avantaj V.A. oswa salè militè. Epitou, nan popilasyon NYCHA a gen moun ki viktim vyolans nan kay, vyolans nan frekantasyon, agresyon seksyèl oswa asèlman; NYCHA bay moun ki viktim vyolans nan kay yo priyорite nan moman admisyon an, sou baz Plan Seleksyon ak Afektasyon Lokatè li yo. Pwogram ak Plan Transfè Dijans NYCHA a—yo te devlope sou baz direktif ki soti nan HUD a—pèmèt rezidan sa yo ki la dejà, fè demann yon transfè apatman dijans tou. Epitou, NYCHA a bay rezidan sa yo enfòmasyon konsènan resous ak liy èd ki bay konsèy ansanm ak èd pou moun ki viktim vyolans nan kay yo.

Rezidan NYCHA yo kapab soumèt yon Resètifikasyon Pwovizwa lè yo pèdi revni yo. Pandan pandemi an, ant mwa mas 2020 ak desanm 2022, rezidan NYCHA yo te soumèt plis pase 70,000 demann resètifikasyon pwovizwa. Sepandan, sikontans patikilye ki te gen nan pandemi an—san wete ogmantasyon depans yo—te vrèman fè kriz aryere Iwaye a vin pi grav pou anpil rezidan NYCHA. Pandemi an te gen yon gwo enpak sou ekonomi Vil New York la, epi se sitou rezidan New York ki pa gen anpil revni yo ki te santi efè a. Plis pase mwatye (57%) travayè nan Vil New York ki pa gen gwo salè yo te pèdi revni travay yo nan moman pandemi an te pi rèd la. Epitou, gen anpil fwaye ki ap viv nan lojman publik nan nivo nasyonal epi nan Vil New York, ki te fè fas ak yon ogmantasyon nan depans yo pandan epi apre pandemi an, tankou ogmantasyon nan depans medikal, depans ki lye ak pwodui netwayaj, depans ki lye ak gadri timoun oswa pou pran swen manm fanmi, depans ki lye ak aprantisaj adistans, epi depans pou lòt mezi sekirite ak pwoteksyon. Epitou, sondaj yo montre gen yon pwopòsyon rezidan NYCHA ki vrèman anpil, ki te yon seri travayè enpòtan, sa ki te lakoz yo vin gen plis risk pou pran COVID-19 la paske yo pa t kapab rete nan chèltè sou plas. Depans yo te vin pi plis nan peryòd kote te gen gwo enflasyon pandan pandemi an, sa ki te lakoz difikilte finansye yo vin pi grav pase jan yo te ye anvan. Ogmantasyon depans yo kreye yon pwoblèm patikilye pou rezidan ki pa gen anpil revni yo, kote depans debaz yo reprezante yon pi gwo pati nan revni total yo a pase pa fwaye ki gen pi gwo revni yo. Fwaye ki gen revni fiks yo, yon lòt fwa ankò ki reprezante 36 pouzan rezidan NYCHA ki anreta sou pèman epi ki gen revni ki pi ba pase 50 pouzan AMI an, ap fè fas ak yon seri difikilte patikilye tou akoz ogmantasyon depans yo parapò ak revni chak mwa yo ki pa chanje. Fas ak ogmantasyon depans yo ki pa sispann, desizon yo enpoze sou ekspilsyon yo epi posibilité pou gouvènman an bay yon èd pou aryere Iwaye yo, kapab kreye yon sèten konfizyon pami rezidan yo konsènan posibilité yo genyen pou peye Iwaye yo pou sèten mwa.

Malgre anpil rezidan nan lojman publik ki pa gen anpil revni te oblige fè fas ak ogmantasyon depans ki lye ak pandemi an, lè Eta New York la te resi mete pwogram èd pou aryere Iwaye a sou pye, yon fason klè, li te retire rezidan ki nan lojman publik yo nan lis priyòrite li yo. Piske fon ki disponib pou pwogram Eta a limite, okenn nan 30,000 fwaye NYCHA ki te aplike pou pwogram èd lokatif dijans New York la pa t resevwa èd okòmansman. Yon alokasyon bidjè Eta a pou pwogram èd lokatif la ki resan, te bay èd pou kouvri yon pati nan dèt kèk nan rezidan NYCHA yo dwe, men, li pa t ase pou konble kokennchenn kriz aryere a pou plizyè dizèn milye rezidan NYCHA yo, ki vrèman bezwen plis èd. Fon ERAP la gen objektif pou kouvri sèlman 30 pouzan nan aryere yo.

Antou, aryere Iwaye pami rezidan NYCHA yo te ogmante vin kat (4) fwa plis depi mwa mas 2020, soti anviwon \$127 milyon pou vin yon tikras plis pase \$533 milyon nan fen mwa oktòb 2023. Yo te kreye NYCHA

a pou bay rezidan New York ki gen revni fèb epi ki modere yo lojman; kesyon kontinye ekspilse fanmi ki pa peye lwave yo se yon bagay ki kontrè ak misyon li. Sepandan, modèl règleman federal pou PHA yo—san wete fòmil finansman an sitou—mande pou PHA yo konte sou pèman lwave fwave yo pou finanse operasyon yo, epi yo pa kouvri okenn defisi ki fèt nan kolekte lwave yo. An jeneral, lwave fwave yo peye yo reprezante anviwon 30 poustan nan bidjè fonksyònman NYCHA yo. Epitou, politik federal la entèdi pou NYCHA a renonse ak kèlkeswa montan lwave ki pa peye a. Piske ogmantasyon aryere lwave a lakoz vin gen plis defisi nan fonksyònman an, NYCHA pa gen okenn lòt chwa, li oblige fè ekspilson pou konble defisi nan bidjè li a, epi li ap kontinye ogmante mezi li yo yon fason konsiderab. Depi apre desizyon sou ekspilson nan New York la te fini nan mwa janvye 2022 a, NYCHA te antame yon seri pousuit jidisè kont plis pase twa (3) mil fwave, epi ritm NYCHA pran pou kòmanse pwosedi pou moun ki pa peye yo pa sispann ogmante.

Jan nou te di sa anwo a, kokennchen difikilte ki lye ak ekspilson an sitou vin pi grav pou rezidan ki nan lojman publik yo, ki ap fè fas ak plis obstak pou jwenn yon novo lojman gouvènman federal la ap ede, akoz yon dèt yo toujou dwe yon PHA epi akoz yo gen yon dosye ekspilson nan yon PHA. Règleman federal yo fè konnen dèt yo dwe yon PHA se yon motif pou refize aksepte yon moun nan lojman gouvènman federal la ap ede, epi chak PHA nan Vil New York konsidere dèt yon moun dwe yon PHA kòm yon obstak obligatwa pou pa aksepte li. Kòm rezulta, toutotan fwave yo mete deyò nan lojman publik yo pa kapab peye dèt aryere lwave yo a, li ap difisil pou yo retounen nan lòt lojman ki ap resevwa èd federal. Menmsi yo pa kapab peye dèt yo genyen yo, lefètke yo mete yo deyò nan yon lojman publik, sa sèlman reprezante yon obstak anplis pou yo antre nan yon lojman ki gen sibvansyon gouvènman federal la pandan plizyè ane, li posib menm pou plizyè dizèn ane (gade 24 CFR 982.552(c)(1)(ii), (iii)). Epitou, si yo ekspilse yo, gen anpil rezidan nan lojman publik ki kapab gen gwo pwoblèm pou jwenn yon lojman abòdab nan menm katye a, sa ki ap lakoz plis deplasman. Gen yon rapò ki soti nan New York University Furman Center an 2019, ki montre 58.8 poustan nan devlopman NYCHA yo te twouve yo nan katye ki te chanje karaktè, sa vle di, yon seri katye ki te gen revni fèb an 1990 epi ki te vin gen yon kwasans lwave ki pi wo pase mwayèn nan ant 1990 ak 2014, epi 27.1 poustan nan devlopman NYCHA yo te twouve yo nan katye ki gen revni ki pi wo.² Kidonk, pou fwave ki vrèman pa gen anpil revni yo, yon ekspilson nan lojman publik ap limite opsyon lojman pou yo alavni, nan yon vil ki déjà gen anpil pwoblèm pou jwenn lojman abòdab, sa ki ap lakoz rezidan sa yo vin nan yon risk patikilye pou sanzabri, si yo pa gen filè sekirite lojman abòdab ki gen èd federal yo.

Pou rezon nou site anwo a, anpil fwave NYCHA ki anreta sou pèman epi ki gen yon revni chak ane ki pi ba oswa ki egal ak 50 poustan AMI an, konte sou QP4 la antake moun ki nan pi gwo risk enstabilite lojman, akoz revni yo ki vrèman fèb oswa ki ba anpil, akoz chaj lwave ak aryere lwave yo ki grav epi ki lou sou do yo, akoz menas ekspilson an ki, jan nou te di sa anwo a, se yon seri karakteristik lojman ki lye ak enstabilite ansanm ak ogmantasyon risk pou vin sanzabri. Karakteristik lojman sa yo te vin pi mal epi yo toujou pi mal akoz, yon fason klè, yo pa priyorize rezidan nan lojman publik yo nan Pwogram Èd pou Lwave Dijans New York la (ERAP), akoz fen desizyon Eta a te pran sou ekspilson an, sou baz politik federal la, akoz yon PHA pa kapab anile aryere lwave, akoz yon ogmantasyon menas ekspilson lefètke modèl finansman lojman publik la baze sou revni lokatif, epi akoz yon seri obstak pou gen aksè nan lòt lojman ki gen sipò, si yo ekspilse yon fwave ki te nan lojman publik. An rezime, lefètke yon PHA konte sou revni lokatif yo pou bidjè fonksyònman li yo, lefètke yon PHA pa kapab renonse ak lwave yo, ansanm ak lòt obstak pou lojman yo enpoze moun yo te mete deyò nan yon lojman publik oswa ki kontinye gen yon dèt pou yon PHA, bagay sa yo konbine pou bay garanti yon fwave ki gen revni fèb anpil oswa revni ki vrèman ba, epi ki abite nan yon

² NYU Furman Center, *How NYCHA Preserves Diversity in New York's Changing Neighborhoods*, paj 3 (Avril 2019), https://furmancenter.org/files/NYCHA_Diversity_Brief_Final-04-30-2019.pdf

Lojman piblik akoz yon chaj lokatif konbine epi ki grav, ansam ak aryere lwaye, se yon lojman ki prezante karakteristik ki asosye ak enstabilite epi yon ogmantasyon risk pou sanzabri.

Anplis menas ekspilsyon, gen yon revni ki vrèman fèb ak yon chaj lokatif ki vrèman wo, plan konsolide Vil New York apwouve a, idantifye lojman ki pa estanda, demenajman ki fèt souvan pandan ane ki pase a, ak epizòd sanzabri resan yo, memm jan ak lòt karakteristik lojman ki kapab lye avèk enstabilite epi yon ogmantasyon risk pou sanzabri. Tablo 4 la montre jan frekans gwo pwoblèm lojman an, ki, anplis yon chaj lokatif ki pi wo pase 50 pouasan, pa gen enstatalasyon kizin ak enstalasyon plonbri ditou, epi lojman ki pa estanda—se yon seri pwoblèm ki lye ak karakteristik nou site anwo a. Jan sa parèt nan Tablo 4 la, sou 1,010,585 fwaye toupatou nan vil la ki gen revni ki mwens pase oswa ki egal ak 50 pouasan AMI an, gen 647,670 (oswa 64 pouasan) ki ap fè fas ak youn (1) oswa plizyè pwoblèm lojman grav.³

Epitou fwaye ki gen revni ki pi ba pase oswa ki egal ak 30 pouasan AMI an epi ki ap peye plis pase 50 pouasan nan revni chak mwa fwaye a kòm depans pou lojman, fè pati QP4 la tou, antanke fwaye ki nan pi gwo risk enstabilite lojman. Jan Tablo 5 lan montre sa, gen 675,691 fwaye toupatou nan vil la ki gen 30 pouasan AMI oswa mwens. Pami fwaye sa yo, 450,946 (oswa 66.7 pouasan) gen yon gwo chaj lokatif ki plis pase 50 pouasan.

Veteran

Veteran yo ak fanmi ki gen yon manm fanmi ki veteran, ki ranpli kritè pou youn (1) nan popilasyon kalifye nou dekri anwo a, kalifye pou resevwa èd HOME-ARP nan kad QP4 la. Malerezman, veteran yo pa epaye anba pwoblèm enstabilite lojman ki ap frape anpil rezidan nan Vil New York. Malgre sèvis yo rann peyi yo, gen anpil veteran ki gen difikilte pou jwenn yon lojman ki abòdab epi ki estab nan yon vil kote pri lojman wo anpil. Sityasyon sa a kapab lakoz yon seri konsekans negatif, tankou sanzabri ak lojman ki pa sekirize. Epitou, gen kèk veteran ki kapab ap goumen ak pwoblèm sante mantal, abi sibstans, oswa lòt difikilte ki kapab menm fè li pi difisil pou yo kenbe yon lojman ki estab. Pou jere pwoblèm ki lye ak sanzabri veteran yo ansam ak enstabilite lojman an nan Vil New York, sa mande yon apwòch ki gen plizyè fasèt, san wete efò pou ogmante disponiblite lojman ki abòdab, amelyore aksè nan swen sante ak sèvis sipò, epi bay veteran ki nan bezwen yo yon èd sible.

Tablo 7. Estati Abri pou Veteran NYC CoC

Non CoC	Veteran ki Sanzabri, 2022	Chèltè dijans pou Veteran ki Sanzabri, 2022	Lojman Tranzisyon pou Veteran ki Sanzabri, 2022	Refij pou Veteran ki Sanzabri, 2022	Total Abri pou Veteran ki Sanzabri, 2022	Veteran Sanzabri ki pa nan Lojman, 2022
CoC Vil New York	482	328	107	39	474	8

Sous Done: HUD User Point in Time Data Estimates of Homelessness: 2011-2022 PIT Veterans Counts by CoC

³ Chif nou prezante la yo reprezante tout fwaye ki gen yon revni jiska 50 pouasan AMI an. Sepandan, anpil fwaye ki gen yon revni ki egal oswa ki mwens pase 30 pouasan AMI an, epi ki ap viv nan lojman ki gen karakteristik ki te asosye ak enstabilite epi yon ogmantasyon risk sanzabri, kapab respekte definisyon pou nan risk sanzabri a (QP2), epi konsa, yo p ap fè pati popilasyon kalifye pami lòt fwaye ki nan pi gwo risk enstabilite lojman yo (QP4).

Moun ki Vilnerab nan Domèn Medikal ki ap Kite Etablisman Swen Sante

Fwaye ki gen revni ki mwens pase oswa ki egal ak 50 poustan AMI an, epi ki deja nan yon enstitisyon oswa yon sistèm swen Eta a ap finanse, tankou yon etablisman swen sante, yon etablisman sante mantal, yon fwaye dakèy oswa yon etablisman pou jèn, oswa yon pwogram oswa enstitisyon koreksyon, fè pati popilasyon QP4 la ki nan pi gwo risk enstabilite lojman. Nan Vil New York, plizyè milye moun ki pa gen anpil revni, ki vilnerab nan domèn medikal epi ki sanzabri, abite tanporèman nan yon etablisman swen sante akoz li nesesè pou yo jwenn swen sante antanke pasyan ki entène, epi apresa, yo jwenn egzeyat nan etablisman swen an san yo pa gen yon lojman ki estab pou retounen, sa ki lakozi yo souvan ale nan yon chèltè.

Byenke pa gen okenn done presi ki disponib pou sou-popilasyon sa a, done ki soti nan NYC Health + Hospitals (H+H) yo se pi bon sous ki disponib. H+H se pi gwo sistèm lopital publik nan peyi a, ki ap bay 1.3 milyon rezidan New York swen chak ane. Li se prensipal founisè swen sante pou rezidan New York ki sanzabri yo, ki prezante yon gwo frekans maladi sante kwonik ak ogmantasyon risk pou bay gwo swen. Lyen ki genyen ant estabilite lojman ak rezulta nan kesyon sante yo parèt klè, sitou pou moun ki vilnerab nan domèn medikal akoz yo entène lopital souvan, akoz dyagnostik maladi kwonik epi/oswa akoz yo konte sou lòt moun pou aktive chak jou nan lavi a. Pasyan H+H ki sanzabri yo gen plis chans pou yo entène lopital epi pou yo rete lopital la pandan twa (3) fwa plis tan. Epitou, pasyan H+H ki sanzabri yo ale nan Sèvis Dijans yo twa (3) fwa pi souvan pase pasyan ki pa sanzabri yo.

H+H pataje prèske 30,000 kliyan avèk Depatman Sèvis pou Sanzabri NYC a (Department of Homeless Services, DHS), epi li konprann jan yon lojman enpòtan pou kondisyon sante yon moun. Egzamen done sou sante popilasyon H+H pou ane 2022 a montre gen 7.5 poustan (2,256) nan pasyan H+H/DHS yo ki vilnerab nan domèn medikal, ki souvan entène lopital, ki gen dyagnostik ensifizan kadyak, ensifizans renal nan dènye faz, siwoz nan fwa, maladi poumon ak depandans oksijèn, kansè nan metatas, epi/oswa konte sou lòt moun pou aktivite chak jou nan lavi a. Se yon bezwen ki pa konble nan kesyon lojman NYC ap soutni yo, paske nou pa pran bezwen medikal yo an konsiderasyon lè nou ap ede moun ki sanzabri yo, epi nou pito ret konsantre sou lojman moun ki gen maladi mantal ak/oswa pwoblèm abi sibstans yo. Moun ki pa atenn nivo kalifikasyon sa a gen yon tikras opsyon pou yo gen aksè nan lojman ki gen sibvansyon, pou konble bezwen yo.

Identifie epi pran an konsiderasyon resous ki disponib aktyèlman yo pou ede popilasyon ki kalifye yo, san wete inite abri ki kolektif epi ki pa kolektif yo, sèvis sipò yo, TBRA a, ak lojman lokatif ki gen sibvansyon ki abòdab epi ki pèmanan:

Plizyè ajans lojman ak lit kont sanzabri nan Vil la, ki gen ladan Depatman Prezèvasyon ak Developman Lojman an, Depatman Sèvis pou Sanzabri a (DHS), Administrasyon Resous Imèn nan (HRA), ansanm ak Otorite Lojman nan Vil New York la (NYCHA), gen responsabilite pataje pou pèmèt tout rezidan New York yo gen aksè nan lojman ki konfòtab, pèmanan epi ki estab. Tablo ki vin apre a prezante prensipal pwogram Vil la ap ofri aktyèlman pou ede popilasyon ki kalifye pou HOME-ARP a.

Tablo 8. Sèvis

Sèvis	Deskripsyon Pwogram
Sistèm Abri pou Moun ki Sanzabri	DHS pwopoze lojman tranzisyon tanporè pou tout rezidan New York, yo kapab verifye ki sanzabri, san wete fanmi ki gen timoun yo ansanm ak granmoun ki selibatè yo.
Chèltè dijans	Inite Sèvis Lojman Dijans HPD a (Emergency Housing Services, EHS) bay sèvis relokalizasyon ak èd relojman pou fwaye ki te deplase kite lakay yo akoz yon ensandi oswa sou lòd evakyasyon vil la bay. Yo plase fwaye ki deplase yo nan sant familyal epi nan otèl, nan chanm inik nan Manhattan, Bronx, Brooklyn epi nan Queens.
Pwojè Okenn Vyolans Ankò (NoVA)	Nan kad Pwojè NoVA a, DHS ap konble bezwen moun ki viktim vyolans nan kay ki ap chèche yon chèltè dijans tanporè nan Vil New York. Travayè sosyal NoVA ki an pòs nan sant dakèy ak nan plizyè refij DHS yo bay sèvis konfidansyèl, sitou konsèy endividiyèl ak konsèy an gwoup, sèvis defans, oryantasyon, ak enfòmasyon pou kliyan ki viktim vyolans nan kay yo.
HomeBase	Pwogram Homebase HRA a bay rezidan New-York ki nan enstabilite lojman nan kominate a, divès sèvis prevansyon kont sanzabri ak sèvis apre swen pou fanmi ak moun ki ap kite abri NYC DHS pou jwenn yon lojman pèmanan yo.
Èd Lokatif City Family Homelessness ak Eviction Prevention Supplement (CityFHEPS)	Pwogram èd pou Iwaye CityFHEPS la bay rezidan New York ki kalifye yo yon èd finansye pou kouvri Iwaye yo, lè li ede rezidan New York ki sanzabri yo soti nan refij yo epi jwenn yon lojman pèmanan, epi lè li ede rezidan New York ki kalifye epi ki ap fè fas ak enstabilite lojman yo rete lakay yo.
Èd Lwaye ki Baze sou Lokatè HOME (TBRA)	Pwogram HRA HOME TBRA, HUD HOME Investment Partners Program ap finanse pa mwayen HPD a, ede fanmi kalifye ki nan chèltè yo ak moun ki nan sanzabri kwonik yo peye depans Iwaye yo. Piske fon yo limite, se pa tout fwaye ki nan chèltè oswa moun ki sanzabri ki ranpli kondisyon kalifikasyon yo, ki ap benefisyé yon èd pou Iwaye nan kad pwogram sa a.
Pwogram Èd pou Lwaye NYC 15 / 15	Pwogram NYC 15/15 lan se yon pwogram èd pou Iwaye Vil New York ap finanse, ki ede fanmi oswa moun kalifye ki sanzabri oswa ki gen risk pou vin sanzabri yo, lè li ba yo yon apatman ki abòdab ak sèvis sipò pou ede yo atenn objektif estabilite alontèm. Pwogram nan gen objektif pou finanse epi devlope 15,000 nouvo inite lojman Vil New York ap soutni, pandan 15 pwochen ane yo.
Pwogram Koupon pou Lojman Dijans (EHV)	Pwogram EHV a, HUD ap finanse, ede fanmi ak moun ki sanzabri; ki gen risk pou vin sanzabri; ki ap kouri oswa ki ap eseye kouri pou vyolans nan kay, vyolans nan frekantasyon, agresyon seksyèl, asèlman, oswa trafik moun; oswa moun ki pa gen lontan depi yo sanzabri epi ki nan gwo risk enstabilite lojman yo, pou jwenn yon lojman, lè li sibvansyone yon pati nan Iwaye yo selon revni yo.

Sèvis	Deskripsyon Pwogram
Pwogram Prè pou Lojman ki Gen Sibvansyon (SHLP)	Pa mwayen SHLP a, HPD akòde yon seri prè pou pwomotè ki pa sou fè lajan ak pwomotè ki sou fè lajan yo, pou konstriksyon lojman pèmanan ki gen sèvis sosyal sou plas. Pwojè yo ap devlope ak fon SHLP yo dwe prevwa 60 poustan inite pou sanzabri, moun ki gen andikap oswa fanmi sanzabri kote chèf fanmi an se yon moun ki gen andikap. Yo kapab lwe fwaye nan kominate a ki gen jiska 60 poustan nan Revni Medyan Rejyonal la rès 40 poustan ki rete yo.
NYCHA	NYCHA ap sèvi plis pase 330,000 rezidan nan 161,585 apatman ki nan 274 devlopman lojman pa mwayen Seksyon 9 lojman publik la. Epitou, NYCHA ap sèvi 30,852 rezidan ki otorize nan 15,984 inite ki nan 61 devlopman yo te transfòrm nan kad pwogram Angajman Pèmanan nan Keson Aksesibilite Ansanm (Permanent Affordability Commitment Together, PACT). NYCHA bay posibilité lojman pou fanmi ki sanzabri yo pa mwayen yon seri plasman nan sistèm abri DHS la. Epitou, NYCHA mete rezidan yo an kontak ak posibilité pou vin endepandan nan kesyon finansye, devlopman komèsyal, avansman karyè, epi pwogram edikatif.

Identifye erè ki gen nan envantè abri ak lojman aktyèl yo epi nan sistèm livrezon sèvis la:

Jan nou te di sa anwo a, Vil New York mete yon pakèt lojman dijans, sèvis sipò, ak pwogram èd pou lwavey anplas pou ede popilasyon ki kalifye yo. Epitou, Vil la finanse kreyasyon ak prezèvasyon yon seri lojman ki abòdab, san wete inite lojman abòdab ki la pou sèvi moun yo ak fanmi yo nan tout kat (4) popilasyon ki kalifye yo. Sepandan, toujou gen yon gwo bezwen pou jwenn plis resous pou etann pwogram ki deja ekziste yo epi pou kreye nouvo. Evalyasyon bezwen yo ak analiz erè yo, evalyasyon resous ki la deja yo, ak kòmantè nou resevwa pandan angajman pati ki ap patisipe yo, montre gen erè nan founiti ak disponiblite sèvis sipò, chèltè dijans, èd lokatif, ansam ak inite lojman lokatif ki abòdab yo.

Keson manke lojman an, sitou lojman ki estab epi ki abòdab yo, se youn (1) nan prensipal bagay ki lakoz gen bezwen ki pa konble nan popilasyon ki kalifye yo. Pa egzanp, alòske gen 675,691 fwaye nan vil la ki gen yon revni ki mwens pase oswa ki egal ak 30 poustan AMI an, gen sèlman 318,973 inite lojman nan tout vil la ki abòdab nan nivo 30 poustan AMI an. Kantite fwaye lokatè ki gen yon revni ki mwens pase oswa ki egal ak 30 poustan AMI an epi ki ap fè fas ak youn (1) oswa plizyè gwo pwoblèm lojman (512,210) depase kantite inite lojman abòdab nan 30 poustan nivo revni AMI an pou 193,237. Akoz pa gen anpil opsyon lojman ki abòdab pou plizyè santèn milye fwaye ki vrèman pa gen anpil revni epi ki gen revni ki fèb anpil, fwaye sa yo gen plis chans pou vin sanzabri epi nan enstabilite lojman, epi yo nan pi gwo risk pou konnen pwoblèm sa yo.

Bezwen rezidan New York yo nan kesyon lojman ki abòdab parèt klè grasa tan datant pou Otorite Lojman nan Vil New York (NYCHA). NYCHA se youn nan kèk sous kritik lojman ki abòdab pou fwaye ki nan oswa ki anba 30 poustan AMI an. Pi gwo otorite publik nan kesyon lojman nan Amerik Dinò a, NYCHA, te kreye an 1935 pou bay rezidan New York ki gen revni fèb epi ki modere yo lojman senp, sekirize, epi ki abòdab. Nan mwa mas 2023, te gen anviwon yon (1) rezidan New York sou 17 nan NYCHA, nan plis pase 177,569 apatman ki nan 335 devlopman lojman pa mwayen Seksyon 9 la, ak yon seri pwojè finansman miks, epi

pwogram Angajman Pèmanan nan Kesyon Aksesibilite Ansanm (PACT). Apatman NYCHA yo reprezante jiska 8 poustan nan tout apatman lokatif nan vil la. Epitou, NYCHA bay koupon èd pou lwaye Seksyon 8 pou fanmi ki gen revni fèb ki ap viv nan apatman prive yo. Nan mwa mas 2023, 95,628 fanmi t ap resevwa èd pou lwaye Seksyon 8 NYCHA a.

Tablo 9. Rezime sou Lojman Piblik nan Seksyon 9 NYCHA a (eksepte pwogram nan Seksyon 8 epi PACT)

kantite Apatman	161,585
kantite Developman	274
kantite Fanmi	151,835
kantite Rezidan ki Otorize	330,000
kantite Bilding	2,411
Mwayèn Revni Brit nan Fwaye yo	\$25,605

Sous Done: Done NYCHA nan mwa mas 2023

Byenke NYCHA bay resous lojman ki enpòtan pou fwaye ki sanzabri epi ki gen risk pou vin sanzabri yo, bezwen ki genyen pou resous sa yo depase apwovizyonman an anpil, jan tan datant byen long pou Seksyon 9 ansanm ak Seksyon 8 la montre sa. Tan datant yo sitou long pou moun ki mande priyorate ak transfè estanda oswa ki pa ijan yo. Gen yon analiz yo te fè an 2017 ki te estimate tan datant pou kandida lojman piblik ki gen yon priyorate ki pa ijan yo, depi lè yo soumet demann inisyal rive nan lokasyon, selon kantite moun ki nan apatman an, epi yo te rann yo kont mwayèn nan se 19.4 lane. Moun ki fè demann priyorate dijans yo, san wete moun ki sanzabri aktyèlman nan yon chèltè Depatman Sèvis pou Sanzabri (DHS) a, gen pi plis priyorate epi se yo menm yo ap kontakte an premye, sa vle di tan datant yo a plis varye epi li pi kout. Pou yon koupon NYCHA Seksyon 8, mwayèn tan datant pou moun ki enskri sou lis datant lan se 16.0 lane.

Tablo 10. Aplikan pou Èd Lojman Piblik NYCHA

Kalite Aplikan	Gwochè Lis Datant Aplikan
Applikan pou Lojman Piblik*	274,745
Applikan Seksyon 8**	17,576

Sous Done: NYCHA

* Yo dwe renouvelé lis datant pou lojman piblik yo chak de (2) lane, sinon demann lan ap ekspire.

** Lis datant Seksyon 8 la te fèmen an 2007 epi nenpòt moun ki te vle rete ladan te oblige ranpli yon dosye pandan peryòd sa a. Majorite demann yo te fèt nan epòk sa a. Ladan li pa gen kandida ki pi resan, epi ki te enskri sou lis datant PACT yo.

Tablo 11. Estimasyon Kantite Tan Datant Lojman Piblik pa Ane pou Aplikan ki pa gen Ijans yo

Gwosè Apatman	Mwayèn Tan Datant pa Ane
Kay Senp	15.6
1 Chanm Akouche	3.9
2 Chanm Akouche	24.2
3 Chanm Akouche	14.4
4 Chanm Akouche	31.9
5 Chanm Akouche	2.5
Mwayèn ki Ekilibre	19.4

Sous Done: NYCHA

Piske kesyon manke lojman ak lojman abòdab nan vil la se prensipal koz difikilte pou anpil moun, Vil la gen yon pakèt zouti li mete anplas pou finanse devlopman plis lojman ki abòdab. Anmenmtan tou, Vil la pran plizyè lòt dispozisyon ki pi rapid yon fason pou ede fwaye nan popilasyon ki kalifye yo vin gen aksè nan yon lojman ki estab epi pou yo kenbe lojman sa a nan yon anviwònman kote òf la limite anpil, sa ki gen ladan, san se pa sa sèlman, chèltè dijans, sèvis sipò ansanm èd pou lokasyon. Pou evalye erè ki genyen nan resous ki disponib aktyèlman pou ede popilasyon ki kalifye yo, Vil la konsidere bezwen ki pa konble pou kalite sipò sa yo ansanm ak bezwen pwofon pou lojman ki abòdab yo.

Chèltè dijans

Jan sa parèt nan Envantè Bezwen Lojman ak Analiz Erè yo, gen yon erè nan envantè kabann chèltè dijans ki la pou sèvi rezidan New York ki sanzabri yo. Chak ane, gen plizyè santè fwaye ki deplase kite kay yo akoz dife, okipasyon ilegal, ansanm ak lòt kondisyon danjere. Gen anviwon 1,500 nan evènman sa yo ki rive chak ane, epi Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman an (HPD) bay chèltè dijans ak sipò pou reloje fwaye ki deplase yo. Nan kèk ka, anplis pèdi lojman yo, rezidan New York sa yo konn oblige kite katye yo epi ale lwen aktivite yo abitye fè chak jou ansanm ak rezo sipò yo genyen yo. Anplis nesesite pou ogmante kantite kabann nan chèltè yo, li enpòtan pou gen asirans fwaye ki bezwen chèltè dijans yo kapab gen aksè ladan yo pi pre kominate yo a.

Sèvis Sipò

Frekans kesyon sanzabri a, chaj lokatif yo, gwo pwoblèm lojman, enstabilite lojman, epi ogmantasyon risk pou sanzabri pami fwaye ki gen revni ki vrèman fèb epi ki ba anpil yo, montre gen yon gwo bezwen pou fè prevansyon kont sanzabri, stabilizasyon lojman, ak sèvis pou kenbe lojman. Piske pa gen anpil lòt posibilité pou opsyon lojman ki ap abòdab pou fwaye sa yo si yo pèdi lojman aktyèl yo a, gen yon bezwen sèvis ak sipò san pèdi tan yon fason pou ede moun ki gen difikilte aktyèlman yo jwenn yon mwayen pou jere sa.

Homebase se prensipal zouti Vil la itilize pou jere bezwen estabilizasyon lojman ak prevansyon kont sanzabri a. Chak ane, li bay plizyè dizèn milye fwaye yon pakèt sèvis tankou prevansyon kont ekspilsyon,

koneksyon ak èd finansye an ijans, enskripsyon nan avantaj piblik yo, èd pou plasman travay, ak plis toujou. Demann pou sèvis enpòtan sa yo te vrèman depase sa pwogram nan kapab bay aktyèlman. Kantite tan pou oryante kliyan yo ale nan Homebase apati HPD, soti nan 48 èdtan pou rive nan 4 semèn. Pandan konsiltasyon pou plan sa a, gen kèk pati ki ap patisipe ki te montre enkyetid yo genyen konsènan fon pou Homebase la ki rete fiks tank tan ap pase, alòske demann pou sèvis yo pa t sispann ogmante, epi yo te fè rekòmandasyon pou debloke plis fon pou devlope pwogram nan.

Anplis nesesite pou ogmante kapasite zouti ki deja la yo, tankou Homebase, gen yon erè nan sèvis aktyèl yo pou konble bezwen inik ki genyen nan stabilizasyon lojman pou kèk fwaye ki nan popilasyon ki kalifye yo, san wete sa ki gen aryere lwave ki lye ap pandemi an nan lojman piblik yo ansanm ak moun vilnerab nan domèn medikal ki kite etablisman swen sante piblik yo san yo pa gen yon lojman ki estab pou yo retounen.

Sèvis Estabilizasyon Lojman pou Rezidan NYCHA ki Anreta sou Pèman

Gen yon erè nan sistèm livrezon sèvis la lè sa gen rapò ak sèvis estabilizasyon lojman pou plizyè dizèn milye rezidan nan lojman piblik ki gen aryere lwave yo. Akoz pandemi an, fwaye NYCHA yo te akimile plis pase \$533 milyon nan aryere rive nan fen mwa oktòb 2023 a, sa ki mete fwaye sa yo nan gwo risk pou yo pèd lojman yo. Jan nou di sa anwo a, gen anviwon 70,000 fwaye nan lojman piblik ki gen aryere. Pami rezidan ki anreta sou pèman epi ki gen revni ki pi ba pase oswa ki egal ak 50 poustan AMI an, mwayèn fwaye a dwe plis pase \$5,600 aryere, sa ki pi wo pase mwayèn fakti lwave chak mwa rezidan sa yo, ki jis yon tikras pi plis pase \$500. Fwaye NYCHA yo fè pati kèk nan fwaye ki gen revni ki pi ba nan vil la, epi responsab anpil fwaye ki anreta sou pèman yo se granmoun, yo gen timoun ki pokon gen 18 lane, yo gen yon revni fiks, oswa yo p ap travay aktyèlman. Akoz pwoblèm sa yo, pifò rezidan NYCHA ki anreta sou pèman yo pa kapab, epi yo ap toujou pa kapab, jere bezwen yo genyen yo, epi peye aryere yo poukont yo.

Pandan Depatman Trezò Etazini an te lanse Pwogram Èd pou Lwave Dijans lan (ERAP) pou ede lokatè ki te touche nan domèn ekonomik akoz pandemi COVID la, New York se te sèl Eta ki pa t bay priorite pou rezidan ki gen sibvansyon nan resevwa fon ERAP yo. Epitou, fon HUD pou lojman piblik yo pa kapab pèmèt yo redui aryere lwave rezidan sa yo genyen an. Gid HUD yo fè konnen PHA yo pa kapab bliye oswa redui aryere lwave yo ak fon fonksyònman oswa envestisman lojman piblik yo, selon règlemantasyon an, yo pa kalkile pou konble aryere oswa lwave ki pa sifi yo, epi, olye sa, yo ankouraje PHA yo fè patenarya ak lokalite yo ansanm ak lòt patnè yo pou ede fanmi ki bezwen èd yo.

Kòm rezulta, piske pifò fwaye pa kapab peye aryere yo dwe yo poukont yo, epi yo pa jwenn èd finansye ki soti lòt kote, vin gen yon gwo bezwen èd finansye ki pa konble pou rezidan ki nan lojman piblik yo, yon fason pou moun sa yo kapab jere aryere lwave yo epi stabilize lojman yo.

Epitou, kokennchen difikilte fanmi yo jwenn akoz ekspilsyon an, vin pi grav pou rezidan ki nan lojman piblik yo, ki ap fè fas ak plis obstak pou jwenn yon nouvo lojman gouvènman federal la ap ede, akoz yon dèt yo toujou dwe yon PHA. Epitou, bagay sa a plis obstak ki genyen lefètke yo gen yon dosye ekspilsyon, ap lakoz pwopriyetè prive yo pè lwe fanmi sa yo lojman. Règleman federal yo fè konnen dèt yo dwe yon PHA se yon motif pou refize aksepte yon moun nan lojman gouvènman federal la ap ede, epi chak PHA nan Vil New York konsidere dèt yon moun dwe yon PHA kòm yon obstak obligatwa pou pa aksepte li. Kòm rezulta, toutotan fwaye yo mete deyò nan lojman piblik yo pa kapab peye dèt aryere lwave yo a, li ap difisil pou yo retounen nan lòt lojman ki ap resevwa èd federal nan Vil New York. Menmsi yo pa kapab peye dèt yo

genyen yo, lefètke yo mete yo deyò nan yon lojman publik, sa sèlman reprezante yon obstak anplis pou yo antre nan yon lojman ki gen sibvansyon gouvènman federal la pandan plizyè ane, li posib menm pou plizyè dizèn ane (gade 24 CFR 982.552(c)(1)(ii), (iii)). Epitou, si yo ekspilse yo, gen anpil rezidan nan lojman publik ki kapab gen gwo pwoblèm pou jwenn yon lojman abòdab nan menm katye a, sa ki ap lakoz plis deplasman. Gen yon rapò ki soti nan New York University Furman Center an 2019, ki montre 58.8 pousan nan devlopman NYCHA yo te twouve yo nan katye ki te chanje karaktè, sa vle di, yon seri katye ki te gen revni fèb an 1990 epi ki te vin gen yon kwasans lwaye ki pi wo pase mwayèn nan ant 1990 ak 2014, epi 27.1 pousan nan devlopman NYCHA yo te twouve yo nan katye ki gen revni ki pi wo.⁴ Pou tout rezon sa yo, pou fwaye ki vrèman pa gen anpil revni yo, yon ekspilsyon nan lojman publik ap limite opsyon lojman pou yo alavni, nan yon vil ki déjà gen anpil pwoblèm pou jwenn lojman abòdab, sa ki ap lakoz rezidan sa yo vin nan yon risk patikilye pou sanzabri, si yo pa gen filè sekirite lojman abòdab ki gen èd federal yo.

Sèvis Estabilizasyon Lojman pou Moun ki Vilnerab nan Domèn Medikal

Gen yon erè nan sistèm livrezon sèvis la lè sa gen rapò ak sèvis sipò pou moun ki vilnerab nan domèn medikal ki ap kite etablisman swen sante yo epi ki pa gen lojman estab pou yo retounen. Grasa yon seri pwogram tankou NYC 15/15 ak Pwogram Prè pou Sipò Lojman an, Vil la bay lojman ki abòdab ansanm ak sèvis sipò anplas pou fwaye ki te sanzabri anvan sa epi ki gen yon maladi mantal ki grav, ak/oswa pwoblèm itilizasyon sibstans (gade Tablo 8). Pwogram sa yo te pèmèt plizyè milye rezidan New York ki sanzabri epi ki bezwen sèvis ki pi enpòtan pase sèvis yo abitye bay nan lojman rezidansyèl milti-familyal yo, gen aksè nan yon lojman ki estab. Epitou, mou ki vilnerab nan domèn medikal, ki entène lopital souvan, ki gen maladi kwonik tankou ensifizans kadyak, epi/oswa ki konte sou lòt moun pou aktivite chak jou nan lavi a, bezwen jwenn sèvis ki pi enpòtan, men, yo oblige jwenn yon diferan kalite sèvis pase sa yo abitye bay nan lojman tradisyonèl ki anba sipèvizon yo, epi, konsa, yo souvan pa kalifye pou lojman sa yo.

Èd Lokatif ki Baze sou Lwaye

Gen yon erè nan sistèm livrezon sèvis aktyèl la nan sa ki gen rapò ak èd lokatif, sitou pou fwaye ki pa ranpli kritè preferans ki aplike pou pwogram koupon ki egziste a. Menm avèk plizyè kalite pwogram èd pou lwaye ki déjà disponib pou rezidan New York ki gen chaj lokatif yo, bezwen an vrèman plis pase koupon ki disponib yo. Anpil pwogram èd lokatif ki egziste gen preferans pou fwaye ki nan sanzabri aktyèlman yo, san wete veteran yo, oswa fwaye ki anba yon pwosedi ekspilsyon yo. Fwaye ki gen revni ki vrèman fèb, ki gen gwo chaj lokatif, epi ki pa ranpli kritè sa yo, ap fè fas ak kesyon rete tann nan lis datant byen long san okenn garanti. Bezwen sa a ki pa t konble te sitou lakoz fwaye ki pa gen anpil revni yo vin vilnerab, yon vilherabilite ki menm pi grav lè nou konsidere pwoblèm ekonomik pandemi an te lakoz la. Sondaj 2021 sou Lojman ak Lojman ki Lib nan Vil New York la (NYCHVS) te montre 16.7 fwaye ki ap viv nan lojman abòdab ki fèk konstui epi Vil la ap finanse, ki pou pwopriyetè prive yo, te rapòte mwens revni an 2020 pase 2019, sètadi plis pase de (2) fwa pwopòsyon tout fwaye ki gen revni fèb yo.⁵

⁴ NYU Furman Center, *How NYCHA Preserves Diversity in New York's Changing Neighborhoods*, paj 3 (Avril 2019), https://furmancenter.org/files/NYCHA_Diversity_Brief_Final-04-30-2019.pdf

⁵ Biwo Resansman Etazini an te egzamine tout estimasyon NYCHVS pou ane 2021 ki parèt la a, pou verifye si pa t gen divilgasyon enfòmasyon konfidansyèl san otorizasyon, epi si yo te apwouve pratik prevansyon kont divilgasyon ki aplike ak publikasyon sa a. CBDRB-FY22-199 and CBDRB-FY22-POP001-0101

Kòmantè nou te resevwa ki soti nan Biwo Majistra pou Elimine Vyolans nan kay ak Vyolans ki baze sou Sèks (Mayor's Office to End Domestic and Gender-Based Violence, ENDGBV), te bay yon egzanp konsènan erè ki gen nan pwogram èd pou lwaye yo. ENDGBV te atire atansyon sou fason opsyon lojman pèmanan aktyèl yo pa ase pou konble bezwen moun ki chape anba vyolans nan kay ak vyolans ki baze sou sèks nan kominate a. Yon pwogram ki te chanje bagay yo pou popilasyon sa a se Pwogram Koupon pou Lojman an Ijans lan (EHV). Selon ENDGBV, prensipal ajans ki la pou mete pwogram EHV a sou pye pou popilasyon sa a, pou premye fwa, yo te konsidere moun ki chape anba vyolans nan kay ak vyolans ki baze sou sèks yo antanke yon gwoup priyorité pou Seksyon 8 la, san li pa nesesè pou gen okenn lòt dokiman pou aplike pou resous lojman sa a ki gen valè (apa yon evalyasyon apati yon ajans referans nan kesyon vyolans nan kay/ki baze sou sèks). Rive jodi a, yo te bay 1,468 EHV pa mwayen alokasyon sa a, sa ki depase 300 koupon alokasyon orijinal la, epi yo atann omwen 130 lòt anvan yo fèmen pwogram nan ofisyèlman. Yon fason klè, sa montre kokenn bezwen èd pou lwaye anplis ki genyen pou QP sa a.

Devlopman Lojman Lokatif ki Abòdab pou Fwaye Sanzabri

Jan sa ekri nan Lojman pou Vwazen nou yo (Housing our Neighbors): Selon yon Plan Aksyon pou Lojman ak Sanzabri, mank opsyon lojman ki pa sispann lan kontribiye nan gwo pwoblèm aksesibilite epi sanzabri nou genyen san rete a. Mank lojman an, sitou lojman abòdab yo, lakoz rezidan New York yo vin nan pi gwo risk enstabilite lojman, epi sa fè li pi difisil pou rezidan ki sanzabri yo rejwenn yon lojman ki estab. Menmsi Vil la te elaji disponiblite ak pouvwa acha koupon lojman yo pou plizyè dizèn milye rezidan New York ki sanzabri, anfèt, te tou senpleman pa gen ase lojman ki disponib, sa ki lakoz li difisil pou fwaye ki gen koupon yo jwenn yon apatman pou yo rete. Gen yon bezwen ijan pou devlope plis inite lojman ki gen sipò, pou mete plis fwaye ki sanzabri.

Identifie karakteristik lojman ki asosye ak enstabilite epi yon ogmantasyon risk pou sanzabri yo, si PJ a ap ajoute kondisyon sa yo nan definisyon "lòt popilasyon yo" jan sa etabli nan Notifikasyon HOME-ARP a:

Nou dekri karakteristik lojman ki asosye ak enstabilite epi ogmantasyon risk pou sanzabri a nan plan konsolide Vil la konsa:

- Menas ekspilsyon
- Pa gen yon kontra lwaye
- Revni ki vrèman fèb ak chaj lokatif ki wo
- Lojman ki pa estanda
- Kondisyon kote gen anpil moun
- Epizòd sanzabri resan

Yo defini lojman ki pa estanda yo antanke lojman ki pa gen enstalasyon plonbri oswa kuizin konplè.

Yo defini sipopilasyon kòm prezans 1.01-1.5 moun nan chak chanm. Yo defini sipopilasyon ki grav kòm prezans >1.51 moun nan chak chanm.

Fwaye ki gen revni ki ba anpil yo (ki gen 0-30 pousan AMI an) ansanm ak fwaye ki gen revni ki vrèman fèb yo (ki gen 31-50 pousan AMI an) ap fè fas ak lojman ki pa estanda, gen anpil moun nan fwaye sa yo, epi yo gen yon chaj lokatif ki plis pase 50 pousan nan nivo ki plis pa pwopòsyonèl la. Jan sa parèt anwo a, 75.8 pousan nan fwaye lokatè ki gen revni ki ba Anpil yo ap fè fas ak yon pwoblèm lojman ki grav anpil.

Idantifye bezwen priyorité pou popilasyon ki kalifye yo:

Grasa analiz done yo ansanm ak pwoesisis konsiltasyon publik nou dekri anwo a, Vil la te idantifye sèvis sipò, èd pou lwave, ak chèltè dijans kòm prensipal bezwen pou popilasyon ki kalifye nan Vil New York yo. Piske se mank lojman an, sitou kesyon lojman abòdab la, ki se prensipal koz pou anpil bezwen ki pa konble, devlopman novo lojman ki abòdab yo ap pran anpil ane, epi gen plizyè santèn milye fanmi ak moun kalifye ki bezwen èd san pèdi tan pou yo soti nan sanzabri a oswa pou fè prevansyon kont sanzabri, pou gen aksè nan lojman ki estab oswa pou rete nan lojman sa yo.

Li pi fasil pou fwaye ki gen revni vrèman fèb ak revni ki ba anpil toupatou nan vil la fè fas ak yon gwo chaj lokatif ansanm ak lòt pwoblèm ki plis ogmante risk enstabilite lojman ak sanzabri a, san wete lojman ki pa estanda, menas ekspilsyon, ap epizòd sanzabri resan, pami lòt moun yo. Apre pandemi COVID-19 la, gen plizyè santè milye rezidan nan tout vil la, san wete plis pase 70,000 fwaye ki nan lojman publik, ki ap fè fas ak menas ekspilsyon akoz aryere lwave. Akoz pa gen anpil opsyon lojman ki disponib pou fwaye sa yo, sèvis sipò pou estabilize fanmi ak moun ki kalifye nan lojman yo genyen aktyèlman yo, se yon bezwen priyorité pou tout popilasyon ki kalifye yo. Akoz manke koupon èd lokatif ki disponib, anpil moun ak fwaye ki ap benefisyé yon èd pou lwave pou soti nan sanzabri oswa pou fè prevansyon kont sanzabri, pa gen aksè nan yon koupon, sa ki kreye yon bezwen priyorité pami popilasyon ki kalifye yo pou jwenn èd lokatif ki baze sou lwave. Piske kantite lojman ba pri ki aksesib pou fwaye ki gen koupon sou mache a limite, èd lokatif ki baze sou lwave a sitou nesesè pou fwaye ki kapab itilize yon koupon pou kontinye abite yon fason ki estab nan lojman aktyèl yo a. Pou fini, Vil la te idantifye yon defisi pou 464 kabann gramoun nan sistèm chèltè dijans Vil la pou fwaye sanzabri yo, sa ki montre abri ki pa kolektif yo se yon lòt bezwen priyorité.

Eksplike kijan yo te detèmine nivo bezwen ak erè ki genyen nan envantè abri ak lojman epi sistèm livrezon sèvis yo ki baze sou done yo prezante nan plan an:

Pou idantifye nivo bezwen ak erè ki genyen nan envantè abri epi lojman li yo, ansanm ak sistèm livrezon sèvis li yo, Vil la te konte sou yon kokenn sous done, san wete kontaj 2022 Vil New York la (PIT), Kontaj Envantè Lojman CoC a, estimasyon American Community Survey a (ACS), epi done entèn ki soti nan ajans Vil la, tankou HPD, NYCHA ak HRA. Yo te rive fè analiz sa a grasa kolaborasyon lòt patnè k ap patisipe yo, tankou ajans nan Vil la, NYC CoC a, PHA ki ap sèvi PJ a, epi founisè lojman ak sèvis sosyal k ap sèvi QP yo nan tout vil la.

Aktivite HOME-ARP

Dekri metòd pou fè demann pou finansman ak/oswa metòd pou chwazi pwomotè, founisè sèvis, sou-benefisyè epi/oswa moun ki sou kontra yo, epi endike si PJ a ap jere aktivite ki kalifye yo dirèkteman:

Yo ap idantifye founisè sèvis yo epi yo ap fè kontra avèk yo pa mwayen pwosedi pasasyon mache estanda nan Vil la, selon nati sèvis yo ap chache a. Epitou, Vil la ap jere aktivite ki kalifye yo dirèkteman si sa nesesè, epi li ap fè patenarya ak lòt ajans yo epi Otorite Lojman Piblik yo antanke sou-benefisyè pou fon ki kalifye yo.

Pa mwayen Depatman Sèvis Administratif nan Tout Vil New York la (Department Of Citywide Administrative Services, DCAS), ki responsab kontwòl ak jesyon pòtfèy imobilye vil la, y ap pran kontwòl chèltè dijans ki pa kolektif yo. DCAS chèche gen byen pou gouvènman vil la pa mwayen plizyè metòd, sitou grasa negosyasyon, transfè byen ki plis, oswa vant ozanchè piblik.

Konsènan pwogram nou dekri anba a, ki ap bay fwaye ki gen aryere lwave yo yon èd finansye epi ki prevwa yon preferans pou fwaye ki kalifye pou lojman publik yo, Vil la te fè patenarya avèk Otorite Lojman Publik lokal la antanke sou-benefisyè fon ki kalifye pou jere èd yo nan kad pwogram sa a pou rezidan nan lojman publik yo; si sa nesesè, Vil la ap jere èd la dirèkteman pou rezidan ki nan lojman ki pa publik yo, si gen fon ki rete pou pwogram nan apre yo fin pran kandida ki kalifye pou preferans nan lojman publik yo.

Dekri kijan karakteristik envantè abri ak lojman an, sistèm livrezon sèvis la, ansanm ak bezwen yo idantifye nan analiz erè yo te bay yon bon rezon konsènan planifikasyon pou finanse aktivite ki kalifye yo:

Pandan Vil la ap retabli anba konsekans finansye pandemi COVID-19 la, gen plizyè santèn milye rezidan New York ki ap fè fas ak kesyon sanzabri, ki ap goumen pou kenbe lojman aktyèl yo a, oswa ki pa gen lojman abòdab epi ki estab. Yon fason klè, evalyasyon bezwen ak analiz erè yo te montre li nesesè pou gen abri ak sipò anplis pou ede QP yo gen aksè nan lojman estab epi ki abòdab, epi pou yo kenbe lojman sa yo. Pou konble erè ki gen nan sistèm aktyèl la epi pou konble bezwen ki pa ranpli yo, Vil la prevwa debloke fon HOME-ARP pou aktivite ki kalifye yo, san wete sèvis sipò yo, rive jwenn epi devlope abri ki pa kolektif, epi èd lokatif pou lwave.

Yo ap itilize fon sèvis sipò yo pou konble bezwen yo pa mwayen yon seri aktivite tankou, san se pa sa sèlman, sèvis stabilizasyon lojman ak sèvis prevansyon kont sanzabri, èd finansye pou jere kesyon aryere lwave, èd pou viv nan lojman, ak lòt sipò pou ede QP yo jwenn yon lojman ki estab epi rete ladan.

Fon HOME-ARP ki debloke pou Èd Lokatif ki Baze sou Lwave yo ap ede pou konble bezwen ki pa ranpli nan kesyon èd pou lwave yo, lè li bay yon èd finansye pou fwaye ki gen revni fèb anpil epi ki nan risk pou vin sanzabri oswa ki nan pi gwo risk enstabilitè lojman yo, men, ki pa kapab benefisyè lòt pwogram èd pou lwave akoz pa gen koupon ki disponib. HUD a defini fwaye ki gen gwo chaj lokatif yo kòm fwaye ki ap peye plis pase 50 poustan nan revni yo pou lwave.

Epitou, Vil la rekonèt gen yon erè nan kabann chèltè dijans ki aksesib pou moun ak fanmi ki sanzabri yo, ansanm ak moun ki ap kouri pou sitiyasyon vyolans nan kay oswa vyolans nan frekantasyon, ak trafik moun. Fon HOME-ARP ki debloke pou Rive Genyen epi Devlope yon chèltè ki Pa Kolektif, ap ede pou konble erè sa a, pou gen asirans popilasyon sa yo gen aksè nan chèltè dijans pandan peryòd tranzisyon pou ale nan lojman pèmanan yo.

Tablo 12. Itilizasyon Fon HOME-ARP

Aktivite ki Kalifye	Montan Finansman	Pousantaj Sibvansyon	Limit Legal
Sèvis Sipò	\$181,102,577		
Akizisyon ak Devlopman Abri ki Pa Kolektif	\$25,000,000		
Èd Lokatif ki baze sou Lwaye (TBRA)	\$30,000,000		
Devlopman Lojman Lokatif ki Abòdab	\$0		
Èd pou Fonksyònman Òganizasyon ki pa sou fè Lajan	\$0	0%	5%
Ranfòse Kapasite Òganizasyon ki pa sou pou fè Lajan	\$0	0%	5%
Administrasyon ak Planifikasyon	\$33,728,940	12.5%	15%
Total Alokasyon HOME ARP	\$269,831,517		

Si yo te bay yon sou-benefisyè oswa yon moun ki sou kontra nenpòt pati nan fon administratif HOME-ARP PJ a anvan HUD aksepte plan alokasyon HOME-ARP a, paske sou-benefisyè oswa moun ki sou kontra a responsab administrasyon tout sibvansyon PJ HOME-ARP a, identife sou-benefisyè a epi dekri wòl ansanm ak responsabilite li genyen nan administrasyon tout pwogram HOME-ARP PJ a:

Pa aplikab

Objektif Pwodiksyon Lojman HOME-ARP

Fè estimasyon kantite inite lojman lokatif abòdab ki genyen pou popilasyon kalifye PJ a ap pwodui oswa soutni ansanm ak alokasyon HOME-ARP a:

Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman an (HPD) p ap itilize HOME-ARP a pou pwodui lojman lokatif.

Dekri objektif byen presi pwodiksyon lojman lokatif abòdab PJ yo espere atenn nan, epi dekri kijan li ap konble bezwen priyorité PJ yo:

Pa aplikab

Preferans

Endike si PJ a gen entansyon bay preferans pou youn (1) oswa plizyè popilasyon ki kalifye, oswa yon sou-popilasyon nan youn (1) oswa plizyè popilasyon ki kalifye pou nenpòt aktivite oswa pwojè:

- Preferans yo pa kapab vyole okenn egzijans ki aplikab nan kesyon lojman ki ekitab, Dwa Sivik, ak okenn diskriminasyon, san wete, men san se pa sa sèlman, egzijans ki site nan 24 CFR 5.105(a).

- PJ yo pa oblige dekri pou ki pwojè byen presi yo ap aplike preferans yo.
- Yon *preferans* bay yon priyorite pou seleksyon kandida ki nan yon QP oswa yon kategori byen presi (pa egzanp, granmoun oswa moun ki gen andikap yo) nan yon QP (sètadi sou-popilasyon) pou resevwa èd. Yon preferans pèmèt yon kandida kalifye ki ranpli kondisyon pou benefisyé yon preferans PJ a adopte, pou yo chwazi li pou yon èd HOME-ARP anvan yon lòt kandida kalifye ki pa ranpli kondisyon pou benefisyé yon preferans.
- Yon *metòd priyORIZASYON* se pwosesis kote yon PJ detèmine kijan yo chwazi de (2) oswa plizyè kandida kalifye ki ranpli kondisyon pou menm oswa diferan preferans, pou èd HOME-ARP.

Sèvis Sipò

Selon Notifikasyon HUD a sou HOME-ARP, “Yon PJ kapab etabli yon seri preferans rezonab pami popilasyon ki kalifye yo pou priyorize kandida pou pwojè oswa aktivite HOME-ARP yo selon bezwen ak priyorite PJ yo, jan sa dekri nan plan alokasyon HOME-ARP li yo”. Epitou, nan plan alokasyon an dwe gen yon “deskripsiyon pou nenpòt preferans pou moun ak fanmi ki nan yon popilasyon kalifye an patikilye, oswa yon segman nan yon popilasyon ki kalifye.” Epitou, nan plan an dwe gen yon deskripsiyon sou nenpòt metòd priyORIZASYON kote yon PJ ap detèmine kijan yo chwazi de (2) oswa plizyè kandida kalifye ki ranpli kondisyon pou menm oswa diferan preferans, pou èd HOME-ARP. Kòm konsekans, pou gen aspirans pwogram ki fèt pou konble erè yo idantifye nan sistèm livrezon sèvis ki deja la y ap akonpli objektif yo, Vil la gen entansyon mete sou pye yon seri preferans pou de (2) pwogram sèvis sipò yo prevwa pou itilize fon HOME-ARP yo. Byenke tout kat (4) popilasyon ki kalifye yo ap kalifye pou fè demann de (2) pwogram sèvis sipò sa yo, Vil la ap itilize preferans ki dekri anba a. Yo ap jere lòt pwogram sèvis sipò ki ap itilize fon HOME-ARP yo san preferans pou fwaye ki nan tout kat (4) popilasyon ki kalifye yo.

Vil la ap itilize yon preferans pami moun ak fanmi ki kalifye pou yon pwogram ki ap fè prevansyon kont ekspilsyon ak sanzabri, lè li bay yon èd finansye pou fwaye ki gen aryere lwave yo estabilize lojman yo. Preferans sa a se ap pou sou-popilasyon rezidan nan lojman publik ki gen aryere lwave epi ki fè pati popilasyon kalifye ki gen pi gwo risk enstabilite lojman (QP4), akoz yo gen yon revni chak ane ki mwens pase oswa ki egal ak 50 poustan AMI an, epi yo ap viv nan lojman ki gen karakteristik ki asosye ak enstabilite epi yon ogmantasyon risk pou vin sanzabri, jan yo idantifye sa nan plan konsolide Vil la.⁶ Antanke yon metòd priyORIZASYON, yo ap priyorize fwaye ki kalifye pou preferans sa a pou èd ki baze sou revni, non lòd ki ap monte, kòmanse nan revni ki pi ba yo ajiste selon kantite moun ki nan kay la. Apre yo fin chwazi tout kandida ki kalifye pou preferans sa a, yo ap kontakte lòt kandida nan tout popilasyon ki kalifye yo pou patisipe nan lòd kwonolojik yo te resevwa aplikasyon yo.

Anplis preferans ak pwogram ki dekri anwo a, Vil la ap itilize yon preferans pami moun ak fanmi ki kalifye yo pou yon pwogram ki ap bay sèvis estabilizasyon lojman pou moun ki vilnerab nan domèn medikal, yon fason pou garanti aksè nan lojman pèmanan ki estab epi pou kenbe lojman sa yo. Preferans sa a se ap pou sou-popilasyon rezidan ki vilnerab nan domèn medikal yo epi ki pa gen lojman ki estab pami popilasyon sanzabri ki kalifye yo (QP1), ki gen risk pou vin sanzabri (QP2), oswa lòt popilasyon ki nan pi gwo risk enstabilite lojman (QP4). Antanke yon metòd priyORIZASYON, yo ap bay priyorite pou fwaye ki kalifye pou preferans sa a, epi NYC Health + Hospitals (H + H) oryante nan yon lojman yo. Apre yo fin chwazi tout kandida ki kalifye pou preferans sa a, yo ap kontakte lòt kandida nan tout popilasyon ki kalifye yo pou patisipe nan lòd kwonolojik yo te resevwa aplikasyon yo.

⁶ Si HUD aksepte pou kèk rezidan NYCHA ki anreta sou pèman kalifye antanke moun ki nan risk pou vin sanzabri (QP2), kidonk, preferans sa a ap aplike tou pou rezidan lojman publik ki kalifye nan QP2 a.

Èd Lokatif ki baze sou Lwaye

Vil la ap itilize yon preferans pami moun ak fanmi ki kalifye pou HOME-ARP TBRA a. Preferans sa a se ap pou sou-popilasyon rezidan nan lojman abòdab, HPD ap finanse yo, ki pou pwopriyete prive epi ki fèk konstui, ki gen revni ki pi ba pase oswa ki egal ak 30 poustan AMI an, ki ap fè fas ak yon gwo chaj lokatif (sètadi yo ap peye plis pase 50 poustan nan revni chak mwa fwaye a pou lwave yo), epi ki nan popilasyon kalifye ki gen risk pou vin sanzabri yo (QP2), oswa lòt popilasyon ki nan pi gwo risk enstabilite lojman (QP4). Apre yo fin chwazi tout kandida ki kalifye pou preferans sa a, yo ap kontakte lòt kandida nan tout popilasyon ki kalifye yo pou patisipe nan lòd kwonolojik yo te resevwa aplikasyon yo.

Abri ki Pa Kolektif

Vil la pwopoze pou itilize fon HOME-ARP yo pou rive genyen yon chèltè ki pa kolektif, san preferans.

Si yo te idantifye yon preferans, eksplike kijan itilizasyon yon preferans oswa metòd oswa priyorizasyon ap ranpli bezwen ki pa konble yo oswa ap rezoud erè ki genyen nan avantaj ak sèvis moun ak fanmi ki nan popilasyon ki kalifye oswa kategori popilasyon ki kalifye yo ap resevwa, an konfòmite ak evalyasyon bezwen epi analiz erè PJ a:

An 2020, Vil New York te pibliye plan global pou lojman ekitab li a, "Where We Live NYC" (Kote Nou ap Viv New York), ki prezante sis (6) objektif pou jere diferans ki ap pèsiste, yo idantifye grasa angajman komunité yo nan senk (5) awondisman yo. Twazyèm objektif sa yo se prezève lojman ki abòdab yo epi anpeche rezidan yo deplase pandan anpil tan, sa ki gen ladan yon seri angajman nan objektif pou pwoteje lokatè ki ap fè fas ak difikilte ekonomik, asèlman, epi ekspilsyon yo. Yon eleman enpòtan nan chwa lojman an se posibilité pou chwazi rete lakay ou epi nan komunité w, sa ki lakoz lit kont deplasman an vin yon objektif enpòtan nan kesyon lojman ki ekitab Nan Vil New York, difikilte finansye a ki vin pi grav akoz pandemi an ansanm ak ogmantasyon pri lojman yo, lakoz plis pase mwatye fwaye ki nan lokasyon ap peye plis pase 30 poustan nan revni yo pou depans lojman, epi yon tyè nan y ap peye plis pase 50 poustan, epi anpil fwaye ki gen revni fèb ak gwo aryere lwave, sa ki lakoz anpil rezidan New York vin nan risk pou deplase.

NYCHA bay yon opsyon lojman abòdab ki enpòtan anpil pou rezidan New York ki pa gen anpil revni yo. Sepandan, yo pa t bay anpil rezidan NYCHA priyorite nan èd dijans pou lwave a apre pandemi an, epi anpil nan yo toujou pa kapab rezoud pwoblèm reta sou pèman yo. Menas nan kesyon reta sou pèman an lakoz popilasyon sa a sitou vin vilnerab pou deplasman, epi sa kapab vin pi mal lefètke, nan ka kote gen ekspilsyon, akoz pri lojman yo ki pa sispann ogmante nan pifò katye kote ki gen devlopman NYCHA yo, li ap difisil pou anpil nan yo jwenn yon lojman abòdab menm jan an toupre a. Anpil rezidan ki nan lojman abòdab Vil la finanse, ki pou pwopriyète prive epi ki apenn konstui yo, epi ki twouve yo nan yon move sitiayson menm jan, te rapòte yon rediksyon nan revni fwaye yo pandan pandemi an ki de (2) fwa pi grav pase pa fwaye ki gen nivo revni ki ba anpil yo, selon ankèt NYCHVS 2021 an. Akoz presyon ekonomik pandemi an te lakoz la, sandout li difisil anpil pou fwaye sa yo fè fas ak depans lojman chak mwa yo. Mete sou sa, anpil nan fwaye sa yo pa respekte kritè pou pwogram èd pou lwave ki egziste yo (pa egzanp, estati veteran, sanzabri aktyèlman), sa ki lakoz yo vin vilnerab pou kesyon ensekrite lojman, sitou pandan peryòd ralantisman ekonomik yo.

Fason Vil la pwopoze pou itilize fon yo pou sèvis sipò ak èd pou lwave a se pou diminye presyon deplasman yo pa mwaye yon seri preferans pou fwaye ki gen revni ki vrèman fèb ak revni ki ba anpil yo, epi ki nan risk enstabilite lojman (QP4) ak risk pou vin sanzabri (QP2). Ladan li gen preferans pou rezidan NYCHA ki

gen aryere lwaye, epi ki, yon fason ki pa pwopòsyonèl, gen revni ki vrèman fèb epi ki ba anpil. Epitou, preferans pwogram TBRA pou fwaye ki gen revni ki vrèman fèb, ki gen gwo chaj lokatif, epi ki ap viv nan lojman abòdab Vil la finanse, ki se pwopriyete prive epi ki fèk konstui yo, ofri yon èd pou fanmi nòmalman ki pa gen aksè nan lòt sous èd yo. Lefètke yo sible founiti sèvis sipò ak èd pou lwaye yo pou fwaye sa yo, sa soutni alafwa bezwen popilasyon kalifye yo idantifye pou èd HOME-ARP yo ansanm ak objektif anti-deplasman plan lojman ekitab Vil la, lè li bay fwaye yo fon yo bezwen pou yo kapab rete nan lojman yo genyen an epi nan kominate yo a”.

Sèvis Sipò

Itilize yon preferans pou yon pwogram ki ap fè prevansyon kont ekspilsyon ak sanzabri, lè yo bay fwaye ki gen aryere lwaye yo yon èd finansye, sa ap bay asirans pwogram nan ap konble bezwen ki pa konble pou èd sa a pami moun ak fanmi kalifye ki nan lojman publik yo. Jan evalyasyon sou bezwen yo ak analiz erè yo montre sa, gen plizyè dizèn milye fwaye nan popilasyon kalifye ki gen plis risk enstabilite lojman an (QP4), ki ap viv nan lojman publik NYCHA epi ki gen aryere lwaye akoz COVID-19 la. Rezidan sa yo ki gen revni ki fèb anpil, sitou vilnerab fas ak enpak enstabilite lojman epi kesyon sanzabri a, epi yo ap fè fas ak yon seri obstak ki pa sispann ogmante pou jwenn lòt posibilité lojman si yo mete yo deyò, men, pwogram ki egziste nan New York pou ede rezidan New York yo jere kesyon aryere lwaye ki lye ak pandemi an (ERAP) te bay priorite pou rezidan ki nan lojman publik yo—sèl pwogram ERAP Eta a ki fè sa. Preferans pwogram sa a se ap pou sou-popilasyon rezidan nan lojman publik ki gen aryere lwaye epi ki fè pati popilasyon kalifye ki gen pi gwo risk enstabilite lojman (QP4) akoz yo gen yon revni chak ane ki mwens pase oswa ki egal ak 50 pouzan AMI an, epi yo ap viv nan lojman ki gen karakteristik ki asosye ak enstabilite epi yon ogmantasyon risk pou vin sanzabri, jan yo idantifye sa nan plan konsolide Vil la. Yon metòd priyorizasyon nan kad preferans sa a ki bay priorite pou èd ki baze sou revni, non lòd ki ap monte, kòmanse nan revni ki pi ba yo ajiste selon kantite moun ki nan kay la, sa ap bay garanti premye moun yo ap ede se moun ki gen mwens resous finansye yo epi ki gen plis chans pou fè fas ak pi gwo difikilte pou jwenn yon lòt lojman si yo mete yo deyò. Jan sa parèt nan analiz erè yo, yon revni ki vrèman fèb se yon karakteristik lojman ki lye ak enstabilite ak yon ogmantasyon risk pou vin sanzabri, epi fwaye ki nan nivo revni ki ba anpil yo ap fè fas ak yon mank lojman abòdab ki grav anpil.

Itilizasyon yon preferans pou yon pwogram ki ap bay sèvis estabilizasyon lojman pou moun ki vilnerab nan domèn medikal yo, ap bay garanti pwogram nan ap konble erè ki genyen nan sèvis ki deja la pou moun sa yo, ki bezwen yon seri sèvis ki pi enpòtan pase sèvis yo abitye bay nan bilding rezidansyèl milti-familyal yo. Jan sa parèt nan evalyasyon bezwen yo ak analiz erè yo, gen plizyè milye moun ki vilnerab nan domèn medikal epi ki san lojman estab, ki ap fè ale retou ant lopital yo ak refij pou sanzabri yo, 7.5% kliyan nan sèvis komen DHS/H+H yo souvan entène lopital oswa yo fè dyagnostik ensifizan kadyak pou yo, ensifizans renal nan dènye faz, siwoz nan fwa, maladi poumon ak depandans oksijèn, kansè nan metatas, epi/oswa yo konte sou lòt moun pou aktivite chak jou nan lavi a. Itilizasyon yon preferans pou pwogram sa a ap pèmèt yo ranpli bezwen ki pa konble nan kesyon sèvis ki la pou ede moun ki vilnerab nan domèn medikal ki fè pati popilasyon sanzabri ki kalifye yo (QP1), ki nan risk pou vin sanzabri yo (QP2), epi ki nan pi gwo risk enstabilite lojman (QP4) yo, fè yon tranzisyon sekirize epi estab pou vin nan lojman abòdab ki pèmanan, epi rive kenbe lojman sa a alavni. Nan sèvis yo bay pa mwayen pwogram sa a, ap gen kowòdone swen avèk klinik founisè epi ak sèvis sosyal yo, ofri yon pasrèl pou mete sou pye yon seri sèvis swen adomisil ki nesesè nan yon lojman pèmanan epi ki abòdab. Yon metòd priyorizasyon nan kad preferans sa a ki prioyize èd pou referans apati NYC Health + Hospitals yo ap pèmèt pwogram nan sible fwaye ki ap jwenn avantaj nan kalite sèvis ak nivo sèvis yo bay yo, yon fason ki plis transparan epi pi efikas.

Èd Lokatif ki baze sou Lwaye

Sondaj 2021 sou Lojman ak Lojman ki Lib nan Vil New York la (NYCHVS) te montre plis pase mwatye moun ki nan lokasyon nan vil la gen yon chaj lokatif, epi pifò nan moun ki gen revni chak ane ki pi ba pase \$25,000 yo gen yon chaj lokatif ki wo anpil (sètadi yo ap peye plis pase 50 poustan nan revni fwaye a pou lwave). Sa atire atansyon sou nesesite pou gen zouti anplis pou redui chaj lokatif lokatè nan vil la ki gen yon chaj lokatif oswa yon chaj lokatif ki wo anpil. Sepandan, gen plis pase 450,000 fwaye ki gen revni ki fèb anpil epi revni ki mwens pase oswa ki egal ak 30 poustan AMI an, ki gen gwo chaj lokatif, epi TBRA, HOME-ARP ap finanse a, ap sèvè sèlman anviwon 300 fwaye rive jis nan dat 30 septanm 2030. Pandan tan sa a, kantite inite lojman ba pri ki vrèman limite nan vil la, epi ki aksesib pou fwaye ki gen koupon lwave yo, se yon defi pèmanan ki ajoute sou kesyon manke koupo ki disponib la poukонт pa li.

Sou baz done NYCHVS ak lòt sous yo, HPD a rete kwè rezidan New York ki vrèman pa gen anpil revni, epi ki ap viv nan lojman abòdab ki fèk konstui yo ap vin gen chaj lokatif yo menm tou tank tan ap pase, paske revni yo p ap suiv ritm ogmantasyon lwave chak ane yo otorize pou lojman ki abòdab yo, menmsi li limite. Aktyèlman, pa gen ase posibilité ki disponib pou gen asirans lojman abòdab Vil la finanse epi ki soumèt anba restriksyon revni yo, ap rete abòdab. Epitou, konklyzon NYCHVS la montre li te pi fasil pou rezidan ki nan lojman abòdab ki fèk konstui yo rapòte yon rediksyon nan revni yo pandan pandemi, kote anpil nan yo pa kapab retabli. Aktout anpil nan fwaye sa yo p ap ranpli kondisyon ki obligatwa pou jwenn avantaj nan pwogram èd pou lwave yo, yo kapab benefisyè èd pou lwave tou san yo pa oblige fè konpetisyon avèk lòt fwaye ki gen koupon sou mache a pou òf inite lojman disponib ki limite.

Lefètke yo itilize yon preferans pou TBRA a pou moun ak fanmi nan popilasyon kalifye ki nan risk sanzabri yo (QP2), epi ki nan pi gwo risk sanzabri yo (QP4), ki gen revni ki mwens pase oswa ki egal ak 30 poustan AMI an, ki gen gwo chaj lokatif, epi ki ap viv nan lojman ki fèk konstui, Vil la finanse epi ki pou pwopriyetè prive yo, sa ap konble bezwen èd pou lwave ki pa konble pamì fwaye sa yo, antanke pwojè pilòt pou entwodui devlopman pwogram alavni yo

Si yo te idantifye yon preferans, dekri kijan PJ a ap itilize fon HOME-ARP yo pou konble bezwen ki pa ranpli yo oswa pou rezoud erè ki gen nan avantaj ak sèvis lòt popilasyon kalifye ki pa nan preferans lan:

Fon Sèvis Sipò

Plan an idantifye yon seri preferans pou de (2) pwogram sèvis sipò yo pwopoze pou itilize fon HOME-ARP yo, men, li pa anpeche lòt popilasyon ki kalifye yo jwenn sèvis grasa pwogram oswa fon sa yo, an konfòmite ak bezwen ki pa konble yo epi erè yo idantifye nan plan sa a. Apre yo fin chwazi kandida ki kalifye pou preferans pou yon pwogram yo bay, yo ap kontakte tout lòt kandida nan tout popilasyon ki kalifye yo pou patisipe nan pwogram sa a nan lòd kwonolojik yo te resevwa aplikasyon yo.

Yo ap mete lòt pwogram sèvis sipò ki pwopoze pou itilize fon HOME-ARP yo anplas san preferans, epi yo ap konble bezwen ki pa ranpli nan kesyon estabilizasyon lojman, prevansyon kont sanzabri, kenbe lojman, ansanm ak lòt sèvis pou tout kat (4) popilasyon ki kalifye yo. Pwogram sa yo ap ede fwaye nan popilasyon ki kalifye yo reyisi tranzisyon pou vin nan lojman pèmanan an, pou kenbe lojman yo a, epi/oswa pou konekte nan yon seri sèvis anplis ki ap ranfòse estabilite lojman yo.

Èd Lokatif ki Baze sou Lwaye

Plan an idantifye yon preferans pou HOME-ARP TBRA a, men, li pa anpeche lòt popilasyon ki kalifye yo jwenn sèvis nan men TBRA, an konfòmite ak bezwen ki pa konble yo epi erè yo idantifye nan plan sa a. Apre yo fin chwazi kandida ki kalifye pou preferans yo bay pou HOME-ARP TBRA a, yo ap kontakte tout lòt

kandida nan tout popilasyon ki kalifye yo pou patisipe nan TBRA a nan lòd kwonologik yo te resevwa aplikasyon yo.

Abri ki Pa Kolektif

Vil la pwopoze pou itilize fon HOME-ARP yo pou rive genyen yon chèltè ki pa kolektif, san preferans.

Liy Direktiv sou Refinansman HOME-ARP

Si PJ a gen entansyon itilize fon HOME-ARP yo pou refinanse yon dèt ki deja la epi ki gen garanti lojman lokatif milti-familyal yo te reyabilite avèk fon HOME-ARP yo, PJ a dwe deklare liy direktif refinansman HOME-ARP li yo an konfòmite ak [24 CFR 92.206\(b\)](#). Liy direktif yo dwe dekri kondisyon PJ a refinanse dèt ki deja egziste pou yon pwojè lwaye HOME-ARP, san wete:

- Etabli yon nivo minimòm reyabilitasyon pou chak inite oswa yon rasyo ki obligatwa ant reyabilitasyon an ak refinansman an pou montre reyabilitasyon lojman lokatif HOME-ARP yo se prensipal aktivite ki kalifye yo***

NYC p ap itilize fon HOME-ARP yo pou refinanse dèt ki deja la yo.

- Egziye yon revizyon sou pratik jesyon yo pou montre pa t gen dezangajman nan kesyon pwopriyete a; pou montre yo kapab konble bezwen alontèm ki gen nan pwojè a; epi pou montre li posib pou sèvi popilasyon kalifye yo pandan peryòd konfòmite minimòm nan.***

Pa aplikab

- Endike si yo fè nouvo envestisman an pou kenbe inite lojman abòdab aktyèl yo, pou kreye nouvo lojman abòdab, oswa toulede.***

Pa aplikab

- Presize peryòd konfòmite ki obligatwa a, si se peryòd minimòm 15 lane a oswa yon peryòd pi long.***

Pa aplikab

- Montre yo pa kapap itilize fon HOME-ARP yo pou refinanse prè milti-familyal nenpòt pwogram federal, san wete CDBG, te akòde oswa asire.***

Pa aplikab

- Lòt egzijans liy direktif ki nan PJ a, si genyen:***

Pa aplikab